PANGAOS LANGGANAN:
Sasasih f 1.70; sakwartaal f 5.—
Loeareun Indonesia......... f 7.50
Pamajaranana keedah ti pajoen.

AGENT DI EUROPA:
Publiciteitskantoor „DE GLOBE"
N. Z. Kolk 19. — AMSTERDAM

# „SIPATAHOENAN"

Hoofdred: Bakrie Soeraatmadja (verlof) — Plv. Hfd. red. Mohamad Koerdie
Dikaloearkeun koe Pagoejoeban „P a s o e n d j a n" saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun
Hoofdkantoor: Groote Postweg Oost No: 123 Bandoeng, Telf. Red. No. 1520, Adm. No. 1520a, Telf. Hoofdredacteur di imah No. 1530
Drukk. „Tjahja-Pasoendan" – Bandoeng

PANGAOS ADVERTENTIE.
Pamajaranana kedah ti pajoen
pangsaeutikna sakali moeat f 2.50
Sadjadjar kolom............. f 0.25

AGENT DI INDONESIA:
Publiciteitskantoor „DE GLOBE"
Ryswyk 7B. — BATAVIA-CENTRUM

Djoema'ah 29 Maart 1935 | 23 Rajagoeng 1353 — Dikaloearkeun 2 lambar — Lambaran ka I No. 71 Taoen ka XII

## King Oil.

Asa rada katjemekan, ajeuna teh. Tatjan sabaraha lilana meunang antjak „Kromo's luxe" ti Samarang, ajeuna geus djol deui pontrang „King Oil", oge idangan ti *Semarangsch Alg. Handelsblad*, anoe henteu koerang ra os batan anoe ti heula.

Katjida handjakalna sarta nga rasa hawek, oepama digoegoeloeng koe sorangan bae.

Koe sabab eta — ngarah wala tra — oerang sisihkeun deui bae, goear saajana.

Pertjaja moal aja anoe haseum. Saenjana ari diseboet haseum mah teu merenah, pajoesna koedoe moal basah, da kapan *King Oil* teh moen tjeuk oerang mah *Radja Minjak*.

Mangga oerang seungeut, ngarah sarerea pada katjaangan.......

*„Saenjana" — tjeuk eta oerang Samarang, noe dikaloearkeun Saptoe kamari — „henteu perloe ditjaritakeun deui, jen Radja Minjak teh di mana-mana oge henteu weleh-weleh loba anoe ngaraksa-ngarik sa toer djelema-djelema anoe galede pangaroehna, henteu perloe ditjaritakeun, sabab geus pada terang. Oge koe oenggal pamarentah oerang di Nagri, anoe pili genti, henteu weleh beres bae kapentingan minjak mah, da henteu perdoeli djenenganana noe djadi Minister van Koloniën Koningsbergen, De Graaff atawa Colijn, dina hidji mas'alah arandjeunna pohara sapagodosna nja eta dina lebah pada soengkan ngeunakeun uitvoerrecht — beja — kana minjak tanah ti India (Indische aardolie).*

*Oge ajeuna ti rengrengan wakil rahajat di Nagri geus ka denge sora anoe ngadjoeroeng Minister, soepaja minjak tanah dikeunaan beja kaloearan (uitvoerrecht). Tjoba oerang tjoek tjroek, koemaha djawabna dr. Colijn di Eerste Kamer.*

*Geura oerang njoetat tina Handelingenana:*

*„Minjak tanah" — saoer Minister — „geus djol deu bae diasongkeun, kareueut geusan dikeunaan uitvoerrecht.*

*Tjeuk koering mah, ieu teh anoe pohara teu moenasabahna. Lamoen hidji maskape bisa ngoendjalan daganganana ti sababaraha madhab ti ieu alam doenja anoe henteu ngajakeun uitvoerrecht djaba ti hidji nagara, naha kira-kirana ti mana rek ngalana barang dagangan ti nagara noe teu make uitvoerrecht, atawa ti anoe make?*

*Kapan sakitoe tetelana, boedak leutik oge ngartieun, barang tangtoe noenda paoesahaanana di tempat noe aja uitvoerrecht, ngahantja di noe teu aja beja.*

*Ajeuna tina perkara karet.*

*Di Kamer noe sedjen koering geus njarita, jen koering bakal soeka boengah, lamoen geus kaboektian bisa ngeunaan beja kana karet, keur kaoentoengan Nagara......"*

*„Sakitoe ngabelaanana minister, anoe tjeuk koering mah" — omong oerang Samarang — „djaoeh kana bakal bisa meroehkeunana lawan.*

*„Lamoen euweuh sabab anoe sedjen, sabab ANOE LEUWIH KOEAT iwal ti karisi, bakal noenda paoesahaanana, dimana diajakeun beja anoe henteu sabaraha, lamoen kitoe, atoeh anoe dipake sabab teh pohara lemahna.*

*Pamanggih koering mah pikeun ieu karisi teh — ma'loem karisi tea salawasna pitoeahna sok goreng bae, nadjan eukeur noe sakitoe „perkosana" tjara djoeragan Colijn — sama sakali henteu aja alatanana.*

*Gitik rata maskape-maskape minjak tanah di kapoeloan Hindia Walanda lain bae baroga soember-soember anoe pohara loba minjakna, oge patempatanana anoe sakitoe taroemaninahna, babari ngoendjalanana ka mana-mendi; boga paparabotan anoe sakitoe araloesna; pirang-pirang geusan noe digarawena, toer sakitoe moerahna djeung djaba ti eta di dieu teh kapan noe sakitoe amanna, tengtrem, ajem djeung aja pangadilan. Ieu sakabehna, toer loba deui lian ti ieu anoe henteu ditataan, oepama digemblengkeun, katjida matak soegemana, anoe pamohalan kana ditinggalkeunana, koe lantaran diajaan beja anoe adil.*

*Oepama henteu salah, kaoentoengan beresih B.P.M. dina taoen 1933, aja keneh 30 malioenna perak.*

*Oelah disangka sirik, sama sakali henteu, ngan bae hajang nembongkeun, maskape anoe dina alam crisis bisa keneh meunang kaoentoengan mangmalioen-malioen, pamohalan nepi ka rek noenda paoesahaanana, doemeh dipadjeg anoe henteu sabaraha; pamohalan nepi ka rek tjoel ninggalkeun modal anoe sakitoe lobana, anoe aja dina gedong-gedong, adegan-adegan dina soember, pipah-pipah djeung sadjabana.*

*Anoe boga karisi kitoe, eta berbahaja, sabab saroea reudjeung teu insjaf kana kadjembaranana eusi taneuh di India djeung pikaoentoenganeunana.*

*Oge koe boedak eta bisa kaharti.*

*Poegoeh, moal ditampik maskape-maskape minjak tanah teh mere kaoentoengan anoe lain saeutik ka nagara, kitoe deui ngabantoe kana kamadjoean ekonomi di dieu, tapi ieu henteu aja patalina kana beja, pirakoe hal beja nepi ka koedoe nangtoekeun kana aja djeung teu ajana (to be or not to be) maskape-maskape di oerang.*

*Lamoen hal ieu — to be or not to be — tetela goemantoeng kana beja, moal aja hidji toekang soerat kabar anoe erek keukeuh menta ngajakeun uitvoerrecht, sabab meureun pamohalan minjak tanah bisa kaala.*

*Tapi sapandjang ponggawa nagara noe naranggoeng djawab henteu bisa mere alesan-alesan anoe enja, anoe netelakeun bakalna noenda paoesahaan maskape-maskape lamoen diajaan beja, sapandjang kitoe, vreesmotief (alesan karisi) mah moal pati diperdoeli koe oerang rea.*

*Katjida matak heranna, kana beja minjak mah dr. Colijn sakitoe tegenna — toer teu ka lawan hidji bae alesan anoe enjaan (klemmend) — naha ari kana karet mah mani geus timpah rek boengah ti ajeuna, lamoen nibankeun uitvoerrecht.*

*Minjak tanah, anoe sasat henteu wawoeh djeung alam crisis, diantep, ari karet anoe geus njorang karoegian sabaraha milioen, asal aja geusanna, kawas rek bro ditibanan beja. Ieu memang aneh sarta koedoe djadi econoom anoe ternama kawasna oepama hajang bisa ngarti patoekangtonggongna ieu doea tangtoengan.*

*Tapi kai Marhaen (Jan Publiek), nadjan bageur, angger henteu soegema, noe kaharti teh ngan oekoer eta bae, Radja Minjak teh kawasa, anoe oelah diharoe-biroe."*

***

Toeh geuning, lain kaoem socialisten bae, lain ti pihak nationalisten bae, anoe ngarasa kandilanana minjak dibeja teh, singhoreng noe teu ka ditoe - teu ka dieu oge, tjara oerang Semarang, nepi ka ngangggap alesan dr. Colijn teh lemah. Tjeuk bangsana eta teh, anoe sakoelit sadaki.

Oerang mah, anoe ngan oekoer mikir koeloebak-koelibek dina sen djeung benggol, henteu bisa nepi kana kaoentoengan make poeloeh poeloeh malioen kitoe. Poeloehan malioen, dina alam reboean tinggalelentieng kadoepak angin katiktikan! Poeloehan malioen alam di kampoeng koerang tedaeun!

## Bedja-bedja

### SOENGAPAN PALABOEAN POERBOLINGGO MENGPET.

Noeroetkeun bedja, tjenah di Poerbolinggo geus kadjadian saperti anoe diseboet di loehoer, ieu katjida matak dj[illegible]i halanganana kana djalanna kapal-kapal.

Koe sabab kitoe geus loba pisan anoe marenta soepaja eta halangan teh gantjang dieuweuhkeun nja eta koe dikedoek leutakna, tapi nepi ka ajeuna eta pamenta teh tatjan bae ditjoemponan.

Moega-moega bae koe noe boga wadjib gantjang didjalankeun lantaran palaboean noe geus kaseboet di loehoer teh katjida gede goenana pikeun ngakoetan goela.

### OEROESAN HAK TANAH.

*P.P.B.B. commissie pikeun ngajakinkeun rapportna missie toean Spit.*

Noeroetkeun bedja ti Batawi, oge P.P.B.B. djeung sedjensedjen organisatie Indonesiers noe dipingpin koe djoeragan Thamrin geus ngadegkeun commissie noe maksoedna keur ngajakinkeun rapportna Commissie toean Spit anoe ngoeroeskeun hal merena hak tanah ka bangsa Indo noe roetikeun hak tanah Indonesiers.

Anoe rek dipenta keur kana Commissie anoe geus kaseboet di loehoer tea nja eta para djoeragan anoe kaseboet di handap ieu:

a. Keur bagian Djawa Koelon:

1. R. Soenardi, student R.H.S. anoe tadina geus djadi controleur Arbeidsinspectie, ajana di Batawi.

2. Assistent-Wadana Padjaringan, Batawi.

b. Keur bagian Djawa Tengah:

1. M. Soewarto, Patih Rembang.

2. M. Soeprapto, Wedana Adiwerno (Tegal).

3. R. M. Soetijoso, Wedana Poerwokerto (Banjoemas).

c. Keur bagian Djawa Wetan:

1. R. Soediman, Patih Magetan

2. R. Soebijanto, Assistent Wedana Gorang-Gareng (Magetan)

3. M. Soedjono, Assistent Wedana Takeran (Magetan).

Pimpinan eta commissie bakal ditjekel koe Hoofdbestuur ti P.P.B.B.

### LAPANG PANGAPOENGAN

Di Oosthoek dina waktoe ieu djelema-djelema keur katjida ngeroeskeunana noe geus kaseboet di loehoer nja eta sangkan beuki madjoe lantaran hawana katjida hadena.

Toean Ledeboer geus njieun pangapoengan kapal oedara di dinja noe roebak djeung pandjangna 900 meter.

Lamoen eta tempat toeloes ka pilih keur paniisan nja kakaboel tjita-tjitana Dr. Groneman cs.

### PERKARA NAN YANG DI SOERABAJA.

Perkara Soos Djoedi Nan Yang di Soerabaja dina tanggal 28 boelan ieu, tjenah bakal dipariksa koe pangadilan.

Sakabeh djelema di eta kota njarahо jen soos noe kaseboet tjikeneh teh lain sa-soos-soos-na ta, pi istoening dipake tempat maraen bae.

Pokona persoonlijke vrijheid teh, ngan woengkoel dipake pipinding bae.

Wet Blanda di eta tempat geus mene kasempetan saperti noe kaseboet bieu, tah koe sabab kitoe djalma-djalma teh mindeng pisan ngajakeun besloten kring, tapi lamoen eta „besloten kring" tea dipake saperti di eta soos mah, katjida ngalanggarna kana wet oge noe lain saeutik.

Kira-kira aja 100 djelema anoe istoening kahiroepanana ti eta soos woengkoel.

Koe sabab eta leuwih hade di bere waktoe bae heula kira-kira genep boelan mah oepamana, samemeh eta „soos" tea ditoetoep teh koe politie, nja eta sangkan oelah ngadjadikeun bahaja ka djelema-djelema anoe geus kaseboet tadi, nja kitoe keneh ka poeblik.

### LOONBELASTING DI VORSTENLANDEN.

*Poengoetan bisa didjalankeun koe Goepernemen.*

Noeroetkeun bedja ti Djokja tjenah perkara loonbelasting di dinja teh katjida matak soesahna, nepi ka dina taoen ieu henteu bisa dipoengoet kalawan anoe bener.

Dina bestuursconferentie anoe geus sababaraha kali diajakeun eta hal teh geus mindeng pisan didadarkeun, jen Zelfbestuurs loonbelasting teh henteu babari di poengoetna.

Koe sabab kitoe Zelfbestuur koedoe nitah njitak loonzegels Zelfbesturen bae samemehna dienst belasting Sultanaat ngabogaan personeel anoe tjoekoep eukeur ngadjalankeun poengoetan kalawan hadena.

Leuwih tjoekoep oepamana eta poengoetan teh dioeroes koe Goepernemen saperti noe geus kadjadian tina hal padjeg laladjoan.

Voorstel saperti noe geus kaseboet di loehoer, dina djero sawatara powe deui bakal diasongkeun ka Kangdjeng G.G.

### P.V.C. PLERED (POERWAKARTA).

*Teu djadi ngandjangna ka Kiaratjondong.*

Sakoemaha anoe kaoengel dina ieu soerat kabar powe Salasa mangkoekna almbaran ka II, jen club noe kaseboet di loehoer dina tanggal 30 djeung 31 boelan ieu, baris djadi tatamoena oerang Kiaratjondong, kamari powe Rebo tanggal 27 Mrt. Pangoeroes K.I.V.C. geus narima soerat ti Pangoeroes P.V.C. anoe maksoedna *ngabedokeun*, tjenah noe djadi lantaran aja halangan.

Sanadjan kitoe ari maen dina powe Saptoe djeung Minggoe mah bakal diajakeun bae, bedjana moen bisa didadak mah baris manggil „S.V.C." Soreang reudjeung „Poesaka" ti Tjimahi.

### THEE PIKEUN DI KAPAL-KAPAL.

*Henteu toeloes dikeunaan uitvoerbons.*

Njamboeng kana bedja-bedja anoe geus njebar dina saban-saban soerat kabar, jen pamakean thee pikeun di kapal-kapal anoe saringgah di palaboean-palaboean asing, tadina tjenah koedoe di ajakeun pamajaran assignatie atawa uitvoerbons.

Tapi ajeuna noeroetkeun katerangan ti Aneta, tjenah eta atoeran teh henteu toeloes didjalankeunana.

Koe sabab kitoe pikeun kapal kapal anoe daratang ka nagara-nagara sedjen teh tetep henteu koedoe ngadjalankeun atoeran-atoeran anoe kaseboet di loehoer.

### MOBIL ZENTGRAAFF TJILAKA.

*Di hareupeun Cinema Palace.*

Noeroetkeun bedja B.T. mangkoekna geus aja katjilakaan di hareupeun Cinema Palace (Krekot). Ari anoe tjilaka teh nja eta mobilna toean Zentgraaff Hoofdredacteur Java Bode, nga doepak delman sarta koe lantaran selip sigana nepi ka ieu mobil teh ngadjoeraroh, oentoeng toean Z. henteu tjilaka anoe parna, ngan koesir delman anoe kadoepakna tea geus tjilaka dina sababaraha bagian awakna taratoe.

---

Ngarasa roegi keneh kitoe?

Lir boemi djeung langit. Kakana bisa meuli sapatoe koneng geus luxe, ari Haen, mah! Tapi oentoeng beresih tiloe poeloeh malioen: krisis, meleset.

### REDACTEUR ANOE NGILES TEA.

*Lain ti „Soekaboemi Post."*

Dina sababaraha soerat kabar geus diterangkeun jen Redacteur „Soekaboemi Post" geus ngiles doeka kamana djigna.

Ajeuna meunang katerangan deui, jen anoe ngiles teh, lain Redacteur Soekaboemi Post, tapi redacteur „Nieuwsblad voor West Preanger" toean P. van Moosdijk.

Koe djalan kieu, eta kakaliroean teh bisa dibenerkeun.

### GOEROE-GOEROE NOE BAKAL DIWACHTGELD DEUI.

*Dina panganggeusan cursus anoe bakal datang.*

Noeroetkeun wawaran sarta anoe geus dibere njaho baris diwachtgeld goeroe-goeroe di sakola kelas doea dina cursus anoe bakal datang, nja eta para djoeragan anoe kaseboet ieu di handap:

*Regentschap Pandeglang.*

Tbg. Aripin, hulponderwijzer Menes, M.A. Koesoema, hulponderwijzer Pandeglang.

*Regentschap Serang.*

Wanna, hulponderwijzer Tjiroeas.

*Regentschap Lebak.*

Soerarmadja, hulponderwijzer Rangkasbitoeng.

*Gemeente Batavia.*

Martasasmita, Schoolhoofd Batawi III, Nataatmadja hulponderwijzer Batawi XX, H. Dogom, hulponderwijzer Batawi XVII.

*Gemeente Soekaboemi.*

Manmawidjaja, hulponderwijzer Soekaboemi I, Sastraprawira, hulponderwijzer Bodjonglopang.

*Regentschap Krawang.*

Padmawinata, hulponderwijzer Rengasdenklok, M. Isak hulponderwijzer Tjilamaja.

*Regentschap Tiandjoer.*

M. Atmawidjaja hulponderwijzer Tjiandjoer, Moh. Sapei, hulponderwijzer Tjiandjoer III.

*Gemeente Buitenzorg.*

Soekatmaatmadja hulponderwijzer Buitenzorg III, Soegandawidjaja hulponderwijzer Buitenzorg VII.

*Regentschap Mr. Cornelis.*

R. Martadidjaja hulponderwijzer Bekasi.

### KAPALINGAN.

Hidji bangsa Tionghoa ngaran S.T.M. noe ngabogaan toko di De Vogelweg Soekaboemi, geus kapalingan roepa-roepa barang perhiasan djeung barang-barang noe aja di eta toko, pangadji sara toes roepiaeun.

Mimitina si bangsat rek asoepna teh kalawan njieun liang ti kolong imah, tapi koe sabab teu hasil nja toeloej naek make taradje.

Kanjahoan soteh isoek-isoek tapi si noe malingna mah nepi ka ieu bedja ditoelis tatjan kapanggih.

### BANGSAT SIAL.

*Ditareunggeulan nepi ka maotna.*

Dina waktoe noe tatjan sakoemaha lilana di djalan desa Kapetakan geus kapanggih hidji djelema ngagoler sarta pinoeh koe tatoe woengkoel.

Harita keneh teroes dibawa ka roemah sakit, tapi teu kaboeroe nepi lantaran didjalan keneh geus maot manten.

Sanggeusna rada lila ditaloengtik oerang mana-manana, noe maott teh, ajeuna kapanggih, jen manehna asal oerang desa Doekoedjati (Karangampel).

Ari anoe djadi lantaran pangna eta djelema pinoeh koe tatoe, anoe sakitoe poharana teh, malah nepi ka kadjadian saperti noe kaseboet tjikeneh, tjenah mah lantaran ditareunggeulan keur waktoe manehna rek maling kaboeroe kanjahoan koe noe bogana.

Tapi sakitoe geus pinoeh koe tatoe teh, manehna maksakeun loempat nja koeatna teh ngan nepi ka djalan anoe geus kaseboet di loehoer tea.

### MAOT LANTARAN NGADAHAR OEBAR AJA RATJOENAN.

*Beunang meuli ti pasar.*

Hidji boedak ngaran Ginem oerang Djokja geus datang ka roemah sakit (Petronella) nja eta maksoedna rek tatamba lantaran ngarasa teu ngareunah awakna sanggeusna ngadahar oebar kampoeng noe beunang meuli ti pasar.

Barang dipariksa koe doktor anoe aja di dinja teh tetela pisan jen eta oebar noe geus didahar koe Ginem tea aja ratjoenan.

Koe doktor tea geus ditjoba soegan eta boedak bisa tjageur deui, tapi henteu hasil, lantaran si ratjoen tea roepana geus makan teuing nja teu lila ti harita oge, Ginem teroes maot.

### SWEEPSTAKE - LOTEN.

*Dilarang asoep ka Indonesia.*

Ti bareto oge ngadatangkeun djeung ngadagangkeun sweepstake-loten ka oerang teh geus teu kaidinan.

Lamoen kadjadian aja noe ngirimkeun noe kararitoe, koe post tangtoe ditahan.

Noe tadina bakal nampa ti douane, nampa aanschrijving, soepaja njokot kirimanana teh ti kantor post. Bisana kanjahoan, jen soerat-soerat eta teh diaajaan lot noe kaseboet di loehoer nja eta koe lantaran sok loba kiriman-kiriman ti Australie djeung ti Engeland noe kabehanana saroea afzenderna. Tatjan lila postkantor di Batawi geus nampa 100 soerat ti Sydney noe kabehanana dieusi lot-lot noe kaseboet di loehoer, noe diadresan, atoeh kapaksa harita koedoe diboekaan eta soerat-soerat teh di hareupeun douane sarta kaboektian pisan anoe kabehanana dieusi koe sweepstake-loten.

Ieu kabeh geus dibeslag sarta dipasrahkeun ka politie.



Aspirin noe teu nganggo tjakra Bayer

teu aja!

Oepami tas barangdamel ngaraos palaj sareng teu raos salira di tanah panas aja TABLET-COFFIEASPIRIN. Nja eta tablet ditjampoeran koe Aspirin, noe tiasa enggal ngadamangkeun sareng matak raos salira.

TE HUUR.

2 rorompok No. 36 sareng No. 37 blok 22C., ajana poengkoereun rorompok No. 106 Pang. Soemedangweg lebet kana Gang, à f 12.50, sajagi soember sareng waterleiding.

Tiasa naroskeun ka Oude Kerkhofweg No. 60.

No. 105.

## Bandoeng

**(Kota djeung wewengkonna).**

### ALMARHOEM Rd. HADJI MOEHAMAD ROESDI.

*Hoofdpanghoeloe Landraad Pansioen Bandoeng.*

(rakana Raden Hadji Abdoelkadir, djoeragan Hoofdpanghoeloe Landraad Bandoeng ajeuna), dibabarkeunana di Kaoem Bandoeng dina dinten Salasa ping 19 Radjab 1275 (20 Februari 1860) poepoes dina dinten Saptoe ping 17 Rajagoeng 1353 (23 Mrt. '35) di boemina, di Kapatihanweg 15, Bandoeng.

Andjeunna teh poetrana Raden Hadji Abdoelrachman, Djoeroetoelis Djakat Kaoem Negri Bandoeng baheula (samemeh ngadeg masdjid Agoeng noe ajeuna aja).



Djoeragan Hadji Abdoelrachman teh djaba ti didamel anoe tangtoe di Kaoem, oge andjeunna ngawoeroek ngaos bagbagan agama Islam, babakoena ka poetra-poetoe loeloehoer Bandoeng.

Ieu oge poetrana, nja eta Raden Hadji Moehamad Roesdi eukeurna boerej dipeuseuh koe ramana ngaos, ngoelik roepa-roepa ilmoe agama Islam.

Dina joeswa 10 taoen andjeunna ditjandak koe ramana djarah ka Tanah Soetji (Mekah), nja eta dina tanggal 6 Radjab 1285 (1870 Masehi). Samoelihna ti Mekah andjeunna angkat masantren ka Soerabaja dina tanggal 14 Sapar 1291 (1875) ngaos qoer'an sareng kitab-kitab agama Islam.

Sasoemping na ti Soerabaja diangkat djadi rengrengan (lid) Raad Agama Bandoeng, bisloeit Hoofdpanghoeloe Bandoeng tanggal 14 Juli 1877.

Dina tanggal 3 Augustus 1882 andjeunna diangkat kana lid Raad Agama di Bandoeng keneh bisloeit Kangdjeng Toean Besar Gouverneur Generaal No. 14.

Kalawan panoehoenna koe andjeun, moendoet liren tina djadi na lid Raad Agama di Bandoeng, djalaran andjeunna bade angkat deui djarah ka Mekah, bisloeit Kg Toean Besar tanggal 18 Januari 1883 No. 20.

Dina tanggal 6 Djoemadil-achir 1299 Hidjrah (1883 Masehi) angkat djarah ka Mekah ka doewa kalina, njoemponan roekoen Islam noe kalima.

Salami andjeunna aja di Tanah Soetji, neraskeunu ngaos roepa-roepa kitab noe laloehoeng ka al Marhoem djoeragan Hadji Hasan Moestapa, Hoofdpanghoeloe Bandoeng anoe kakontjara kaloehoenganana.

Saparantos andjeunna aja deui di Bandoeng, diangkat kana Chatib Kaoem Negri Bandoeng, bisloeit Hoofdpanghoeloe Bandoeng tanggal 14 Februari 1885.

Heuleut 4 taoen ti harita, andjeunna diangkat kana lid Raad Agama di Bandoeng kadoea kalina, bisloeit Kg. Toean Besar Gouverneur Generaal tanggal 31 December 1889 No. 18.

Bareng di Koetaradja (Atjeh) aja lowongan Hoofdpanghoeloe (djoeragan Hadji Hasan Moestopa ngalih ka Bandoeng), koe kersana Pangagoeng, andjeunna diangkat loenggoeh, djadi Hoofdpanghoeloe Landraad di Koetaradja (Atjeh) sareng sabawahanana, bisloeit Kg. Toean Besar Gouverneur Generaal tanggal 18 Februari 1896 No. 24.

Waktoe harita kaajaan di Atjeh katjida weritna (teu amanna) masih rosa peperangan.

Koe lantaran andjeunna ageung djasana ka Kg. Gouvernement (hal ieu Padoeka toean Prof. Dr. Snouck Hurgronje noe oeninga kana kaajaan andjeunna waktoe ... di Koetaradja, djalaran sasa aja...), dina lebet doea taoen nengah kenging noegraha ti paparantos... tawis sotja roepi Bintang Atjeh (A.M.): Eereteeken met gesp. Atjeh 1873 — 1896 kalawan bisloeit Sri Maha Radja (Koninklijke besluit) tanggal 31 Maart 1898 No. 13.

Dina tanggal 7 Mei 1900 andjeunna diangkat djadi School-Commissie di Koetaradja, bisloeit Kg. Toean Gouverneur Civiel Militair Atjeh No. 85/49.

Sanggeus andjeunna diangkat kana School-Commissie (maparin tjonto, njakolakeun poetrana Raden Jahja Ardiwidjaja, djoeragan Wadana Pansioen Tjikalong Tjiandjoer anoe ajeuna boemen-boemen di Moskeeweg 15 Bandoeng), seueur bangsa boemipoetra anoe kalebet ka sakola, babakoena para poetra Menak Atjeh, da tadina mah sama sakali henteu aja saoerang-oerang atjan anoe kersa ngalebetkeun poetrana ka sakola Walanda.

Dina tanggal 10 December 1902 andjeunna verlof angkat ka Bandoeng, bisloeit Kg. Toean Gouverneur Civiel Militair Atjeh No 236/17 Tanggal 10 October 1906 andjeunna diangkat djadi Brandspuit-Meester di Koetaradja, bisloeit Kg. Toean Ass. Resident Koetaradja No. 2421, kalawan bisloeit Kg. Toean Ass. Resident Koetaradja keneh No. 1904, andjeunna liren tina djadina Brandspuitmeester dina tanggal 24 Augustus 1907.

Dina tanggal 23 October 1908 andjeunna verlof, angkat ka Bandoeng, bisloeit Kg. Toean Gouverneur Civiel Militair Koetaradja N. 461/9.

Dihin pinasti anjar pinanggih, papasten geus aja ti ditoena, dina tanggal 15 September 1909 andjeunna ngalih, diangkat djadi Hoofdpanghoeloe Landraad Tasikmalaja, bisloeit Kg. Toean Besar Gouverneur Generaal tanggal 15 September 1909 No. 29.

Djasa andjeunna aja di Kaboepaten Tasikmalaja henteu saeutik soemawonna oeroesan Kaoem mah saperti ngarobih (ngageungaun) masdjid Agoeng Tasik, ka palih Koelon, ngadamel sareng ngadangdosan masdjid-masdjid kaoem district sareng onderdistrict, diantawisna masdjid Indihiang, Singaparna, Radjapolah, Mangoenredja s.dj.t. Hal ieu oerang Tasikmalaja pada oeninga. Waktoena andjeunna aja di Tasikmalaja, boemina di Goenoeng Sabeulah, anoe ajeuna dianggo Tegelsfabriek „Naja."

Salami andjeunna aja di Tasikmalaja kantos verlof, bisloeit Kg Toean Resident Preanger Regentschappen di Bandoeng tanggal 14 Juni 1913 No. 9304/8.

Tjeuk babasan Soenda (paribasa) mah: „Moentjang laboeh ka poehoe, kebo moelih pakandangan" kalawan pamoendoetna koe andjeun, ngalih, diangkat djadi Hoofdpanghoeloe Landraad Bandoeng, bisloeit Kg. Toean Resident Preanger Regentschappen (Bandoeng) tanggal 25 Januari 1918 No. 1892/2. Oge djasa andjeunna di Bandoeng henteu koerang, nja eta ngageungan masdjid Agoeng Bandoeng ka palih Wetan sareng sadjabi ti eta seueur keneh.

Koe lantaran andjeunna henteu damang, geubis tina kareta, moendoet verlof, bisloeit Kg. Toean Resident Preanger Regentschappen (Bandoeng) tanggal 6 Maart '19 No. 4246/8.

Dina tanggal 22 Augustus 1922 andjeunna kenging noegraha ti Kg. Gouvernement, digandjar Bintang Perak (Z.st.) bisloeit Kg. Toean Besar Gouverneur Generaal tanggal 22 Augustus 1922 No. 62.

Koe lantaran andjeunna henteu damang, moendoet deui verlof, bisloeit Kg. Toean Resident Preanger Regentschappen (Bandoeng) tanggal 27 November '24 No. 33034/8.

Kalawan bisloeit Kangdjeng toean Directeur Dept. van Justitie tanggal 21 Maart 1925 No. B 3/32/11, kenging katetepan gadjih djadi Adviseur di Landraad.

Tiloe taoen lamina ti saparantos kenging Bintang Perak, andjeunna kenging deui noegraha ti Pamarentah, digandjar roepi Bintang Emas (G. st.), bisloeit Kg. Toean Besar Gouverneur Generaal tanggal 22 Augustus 1925 No. 14.

Dina tanggal 11 Juli 1931 andjeunna moendoet liren tina djadina Hoofdpanghoeloe Landraad di Bandoeng djalaran ngaraos pa rantos sepoeh. Bisloeit Kg. Toean Gouverneur West-Java tanggal 21 September 1931 No. C. 41/31 /4, andjeunna kawidian liren kalawan hormat tina djadina Hoofdpanghoeloe Landraad Bandoeng, dina tanggal 26 Februari 1932 andjeunna ngetjagkeunana padamelan kalawan kenging pangsioen.

Waktos andjeunna djoemeneng keneh Hoofdpanghoeloe, tjalikna di Kapatihanweg, anoe ajeuna dianggo sakola „Karang Kapoetran."

Saparantos liren tina damel ngalih boemi ka anoe ajeuna (doegi ka poepoes) nitis, njimakeun galih bari ngasoeh para poetra anoe sadajana masih sarakola, di antawisna aja noe sakola di T.H.S. (Technische Hooge School Bandoeng) sareng Mosvia Magelang, anoe sanesna masih aja di Europ. Lagere Scholen di Bandoeng, iwal noe doea masih keneh boerej.

Opat kali dina saminggoe andjeunna ngawoeroek ngaos kitab (tafsir) di boemina ka para Oelama anoe geus kawangikeun djenenganana sapertos Adjengan Tjibabat, Adjengan Tjibadoejoet, djoeragan D. Kandoeroean Ardiwinata, Goeroe Malajoe, djoeragan Hadji Hasan (Partadiredja) Goeroe Soenda, djoeragan Rd. Sarbini, lid Raad Agama Bandoeng, Toean Mahmoed, Kapala sakola Daroelmoeta'allimin sareng seueur-seueur deui, malah djoeragan Hoofdpanghoeloe Landraad Garoet noe nembe (al-marhoem Raden Hadji Moehamad Soedjai) kantos ngaos di andjeunna, waktos djoeragan Raden Hadji Moehamad Soedjai noe djoe djadi Adjunct Hoofdpanghoeloe di Bandoeng.

Oepami dipetel disebatan saoerang-saoerang mah seueur teuing sareng henteu terang sadajana, da tjeuk wartos mah samemeh andjeunna angkat ka Atjeh oge kantos ngawoeroek ngaos, santri-santrina seueur, oge bangsa Palembang anoe ajeuna tetep toemetep baboeara di Bandoeng.

Panganggo andjeunna ahli roemawat, njaahan ka djalma-djalma soemawonna ka wargina mah, da eta bae waktos andjeunna djoemeneng keneh Hoofdpanghoeloe di Tasikmalaja sareng di Bandoeng, di boemina mani gerejek moal kirang ti 30 djalmi anoe dioeroes, dirawat koe andjeunna.

Estoe kaloeloetan koe para wargi, kaseundeuhan koe djalma rea, pamoentangan sarerea tina sagala oeroesan.

Koe pangagoeng, loeloehoer Bandoeng dipisepoeh, diakoe dia djenan koe Pangagoeng bangsa Europa.

Dina prakna miwedjang, nerangkeun roepa-roepa ilmoe pasal naon bae katjida terang mentjrangna, matak kaharti koe anoe bodo, matak resep noe ngadangoe; katjida matak narikna kana hate djalma awam, malah Toean Mahmoed mah waktoe andjeunna nembean pisan dipoendoet koe noe Kawasa, moelih tina alam fana kana alam baqo, nangis balilihan semoe njeri teh teuing sapertos moerangkalih anoe ditinggal poepoes koe ramana, malah leuwih kawasna, da eta bae saban saban andjeunna tepang sareng rerentjanganana ngaos atanapi saha bae anoe narek ka goeroena (Raden Hadji Moehamad Roesdi al-marhoem) koedoe bae tjoemalimba, ras emoet ka anoe taja dikieuna.

Waktos lajonna (Raden Hadji Moehamad Roesdi) bade dipendem di Karanganjar, noe djadiap ka Makam katjida seueurna, diantawisna aja Kg. Dalem Hadji

Salah sahidji Oelama gede, bangsa Arab djenengan Habib Dachlan, asal Oelama ti Mekah anoe ajeuna tjalik di bawahan Garoet dina waktoe (sabada) mendem parantos sasaoeran: „Poepoesna Raden Hadji Moehamad Roesdi, Hoofdpanghoeloe Landraad Pangsioen Bandoeng teh moenggoeh pikeun kaoem Moeslimin *katjida roegina*, kaleungitan hidji Oelama anoe loehoeng rea elmoena, tapi dalah dikoemaha da oerang oge sarerea koedoe djeung bakal maot teh. Moega-moega ka Goesti Jang Maha Soetji arwahna Raden Hadji Moehamad Roesdi ditarima Iman Islampa, dirachmat di dalam koeboer, kitoe deui anoe dikantoen dipaparinan sabar tawekal sareng moega-moega alimna, loehoengna Raden Hadji Moehamad Roesdi diteraskeun (dikersakeun) ka poetra-poetoena, Amin!

*MOH. AMIN.*

### POST- EN TELEGRAAFKANTOREN TJILATJAP DJEUNG TEMANGGOENG.

Noeroetkeun wawaran ti P.T.T.-dienst, sabadana ngadjalankeun dienst, post- en telegraafkantoor Tjilatjap teh dina tanggal 31 boelan ieu, baris ditoeroenkeun djadi bijpost- en telegraafkantoor noe kaasoep kana ressort Poerwokerto. Waktoe digawena diatoer ti poekoel 8 nepi ka poekoel 12 djeung ti poekoel 3 nepi ka poekoel 5 sapopowena, ti poekoel 9 nepi ka poekoel 10 dina powe Minggoe djeung powe anoe dimoeljakeun.

Mimiti tanggal 31 boelan ieu keneh, post- en telegraafkantoor Temanggoeng oge baris ditoeroenkeun djadi hulppost- en telegraafkantoor, kaasoep kana tjekelan Magelang.

Waktoe diboekana diatoer kieu: poekoel 8 nepi ka poekoel 12 djeung ti poekoel 4 nepi ka 5 sapopowena, ari Minggoe djeung powe anoe dimoeljakeun ditoetoep.

### LANDRAAD BANDOENG

Pangadilan landraad Bandoeng dina powe Rebo tanggal 27 Mrt. 1935 geus mariksa djeung moetoeskeun perkara-perkara saperti noe kaseboet di handap ieu:

Ngaran P. djeung A. oerang Sitoesaeur geus maling barang-barang bogana O. oerang Kebon klapaweg 20, masing-masing dihoekoem boei saboelan.

Ngaran A. alias A. oerang desa Bandjarsari, geus maling doeit f 7.50 bogana W.K.N. oerang A.B.C. straat dihoekoem tiloe boelan.

Ngaran noe kaseboet tjikeneh oge geus maling doeit f 120.— bogana T.H.S. oerang Groote Postweg West 86 dihoekoem boei 4 boelan.

Ngaran W. alias M. oerang Kebonsirih, geus maling barang-barang harga f 54.20 bogana A. oerang Kopoweg No. 4 perkarana dilepas, lantaran koerang terang.

Ngaran A. djeung S. oerang desa Antapani, geus babarengan nganiaja ngaran W. oerang Kiaratjondong, perkarana dilepas sabab koerang terang.

Ngaran O. oerang Madjalaja, geus maling barang harga f 5.95 bogana Hdj. Mh. B. dihoekoem boei tiloe boelan.

Ngaran Tj. alias A. oerang desa Tjiwaroega, geus maling barang-barang doea kali bogana I. djeung Nji R. dihoekoem lima boelan.

Ngaran B. oerang Meester Cornelis geus ngadjalankeun mobil teu boga rijbewijs didenda sapoeloeh roepia, atawa dihoekoem boei 10 powe.

Ngaran Dj. oerang desa Leuwigadjah geus ngadek ngaran A. perkarana dilepas, lantaran koerang terang.

### MUTATIE DEPT. V. en W.

Dieureunkeun ti mimiti boelan Juni 1935 kalawan pamentana sorangan, sabab geus beak dienstna, kalawan kahormatan djeung meunang pangsioen, toean G.L.R. Wijbers, noe keur verlof, sarta tadina djadi hoofdcommies di P.T.T. dienst.

Dibenoemd kana Controleur 1e klas di P.T.T. dienst toean de Vogel, tadina oge njekel eta kapangkatan sarta ajeuna keur dina djero verlof keneh.

Idem kana middelbaar technisch ambtenaar di P.T.T.-dienst, toean A. Semplonius noe tadina oge njekel eta kapangkatan, sarta dina tanggal 21 Maart 1935 kakara datang mentas verlof.

Idem kana technisch ambtenaar 1e klas di P.T.T.-dienst, toean J.B. Krol idem.

### JAVA BANK.

Kantoran noe disebbet tjikeneh dina powe Saptoe tanggal 30 Maart 1935 toetoepna moal saperti biasa, nja eta poekoel 12, tapi ajeuna mah poekoel satengah 12, nja eta patali djeung toetoep boekoe taoenanana.

### ANDJING EDAN.

Geus kapanggih doea andjing noe katerap panjakit rabies.

Tjek bedja mah si andjing teh daratangna noe hidji ti Paseh reu djeung noe hidji deui ti Tjimahi.

### LANTARAN MAKE RIJBEWIJS HEUBEUL.

*Diboete f 5.—*

Toean W.I.J.L.H. employe technisch-bureau geus keuna dengdaan boete saperti noe kaseboet di loehoer, atawa hoekoem boei lima powe lantaran geus wani make motor kalawan teu make rijbewijs noe anjar nja eta make rijbewijs anoe heubeul anoe geus koedoe diganti.

### PAREBOET PAKOELIAN NEPI KA METAKEUN PAKARANG.

*Kadjadian di hareupeun goedang S.S.*

Kamari kira poekoel 2 beurang di hareupeun goedang S.S. Tjirojom, geus aja kadjadian kariboetan antara doea koeli di Goedang S.S. nepi ka anoe saoerang kapaksa koedoe sina titirah ka roemah sakit Rantjabadak, lantaran tatoe koe peso dina lebah beuteung sarta matak njalempangkeun kana djiwana.

Noeroetkeun katerangan anoe matak kadjadian kitoe, saperti ieu di handap ditoelis:

N. oerang Sitoesaeur djeung A. oerang Tjidjerah, doeanana koeli di eta goedang.

Geus 4 powe lilana pasea bae, lantaran pareboet pagawean, nepi ka di antarana koengsi aja kadjadian rek pasea rongkah sagala, tapi dina powe kamari mah ieu kadjadian teh teroes kabarengan koe amarah anoe lain loemajan, nepi ka N. ditoebles koe A. dina lebah beuteungna sarta tatoe sakoemaha anoe kaseboet di loehoer.

Ieu teh sakitoe oge hadena tjenah kahalangan koe beubeur reu djeung badjoe, tjatjakan lamoen teu kitoe mah, boa-boa matak misan harita keneh.

Sanggeus anoe djadi wadal roeboeh, henteu aja tangan pangawasa, geus ... officier-atjar kanjahoan koe toean Magazijn-Meester, noe tjilaka gantjang ditoeloengan s...ta dipoepoelihkeun ka Mantri politie Tjirojom.

Sanggeus datang politie, nja teroes ieu anoe tjilaka teh dikirimkeun ka roemah sakit, ari anoe nganiajana ditangkep sarta teroes didjalankeun papariksaan naon lantaranana anoe matak nepi ka kitoe.

Dina waktoe diinditkeunana ka roemah sakit, geus meunang mereban, lantaran kaboeroe koe toean Magazijn-Meester tea.

Tjek katerangan, tatoena kira-kira 3 cm. roebakna sarta kadoetna nepi ka katembong.

### LANDGERECHT.

Lobana perkara dina powe Kemis tanggal 28 Maart 1935 noe di asongkeun ka pangadilan Landgerecht Bandoeng, djoemblahna aja 71 perkara.

Noe geus dipoetoes harita keneh aja 70 perkara.

Noe ditibanan hoekoem denda ti antarana noe pangsaeutikna f 0.25 sarta noe panggedena f 10.—

Hoekoeman boei noe geus ditibankeun, nja eta ti mimiti sapowe nepi ka tiloe boelan, woengkoel keur noe maraling, ngagasab doeit djeung noe loentang-lantoeng.

Noe dibebaskeun perkarana lantaran koerang kateranganana aja tiloe perkara djeung noe teu bisa teroes ditoengtoet koe pangadilan, aja hidji perkara.

### EKONOMIKA

Geus datang kana medja Redactie poestaka mangsa anoe ngaranna saperti di loehoer, dikaloearkeunana koe O.P.E.I. (Oesaha Perbaikan Economie Indonesia), di Gardoedjatiweg No. 3.

Eusina ieu poestaka mangsa teh woengkoel nerangkeun pikeun ngadjalankeun dina sagala oeroesan anoe patali djeung economie.

Noe ngamboedina, noeroetkeun katerangan mah memang geus arahlina kana oeroesan economie.

Nilik kana eusina anoe sakitoe perloena dikanjahokeun koe rahajat anoe hajang ngoelik kana bagian economie, nja kitoe deui nilik kana tjitakanana anoe sakitoe beresihna, toer hargana moerah, asa katjida pisan perloena ieu poestaka mangsa teh djadi simpenanana oerang Indonesia.

Pikeun saheulaanan dikaloearkeunana saboelan sakali, tapi sanggeusna djalan lima boelan, bisa djadi bakal dikaloearkeun leuwih mindeng.

Kana kiriman anoe kaseboet di loehoer, Redactie ngahatoerkeun noehoen.

## Koran batoer

**Kawas anoe neuteuli.**

Lamoen oerang ngabandoengan basa-basa dina soerat kabar, memang henteu saroea.

Tapi lolobana, lamoen dina noelis teh, henteu weleh dibarengan djeung kasopanan, da ongkoh kitoe koedoena djeung ngareunah dibatjana.

Tapi dina *„Keng Po"* anoe powe kamari nepi ka aja basa-basa anoe tara dipake koe oemoemna soerat kabar, geura ieu oerang tjoetat tina bagian Sambel Goreng:

> Doeloean kaloe bangsa Tionghoa adakan vergadering boeat belahkan hak-haknja jang pantas, dengan tjepat sekalian koran-koran Blanda, teroetama bangsa Zentgraaff dan Boon, soeroeh si bangsa Tionghoa balik poelang sadja ka Tiongkok. Berbareng dengan itoe dengan meleleh aermata dipoedji-poedji itoe „lieve Japaneesjes", jang tida soeka maen bendera, tida soeka mantjing di bilangan terlarang, tida soeka mortret di deket benteng-benteng, tida soeka banjak riboet, tida soeka moendar-mandir dengan kapal perang. Dan boekan maen Boon poenja girang, koetika itoe sobat-sobat dari 300 taoen dapat tjoeri Mantjoeri.
>
> Ini boedi besar sekarang di bales. Dalam conferentie perlajaran di Kobe wakil Japan brani mendesek soepaja bahasa Japan dibikin djadi bahasa officieel, dengan tida perdoeli kan lagi perasahan sang tetamoe.
>
> Kita kepingin liat apa Ishihara brani bagitoe menengil di hadapan wakil Inggris.
>
> Dan masih ada lebih lagi. Dalem „Kobe Shimbun" satoe penoelis brani soeroeh orang Blanda inget pada hikajat dari Rusland 30 taoen jang laloe (perang Rus — Japan). Dan „Osaka Asahi" sindirkan, bahwa orang Blanda roepanja masih teroes mempoenjai keangkoehan dari jang koeat.........
>
> ***
>
> Dalam boelan November organ Chung Hwa Hui moeat kabaran bahwa toean Kwee Hing Tjiat akan bikin lezing tentang assimilatie dari bangsa Tionghoa dengan Indonesier.
>
> Banjak orang toenggoe-toenggoekan lezingna itoe wonder-politicus, tapi roepanja lida, jang moesti oetjapkan itoe lezing masih moesti toemboe doeloe.

Di Sipatahoenan, koe rarasaan tara aja basa anoe nepi ka njeboetkeun *letahna koedoe ditoemboean heula* ......... enz., sakoer basa-basa anoe garihal.

Sanadjan heureuj, dina toelisan Etjle anoe powe Senen (dina Sinar Pasoendan) geus njeboetkeun kieu:

Ngan bae sok oepama loeha-loho ka Parasandak mah, insja Etjle, barang tangtoe koe Etjle disoegoehan ketoepat *Benkoelen Bazaar*.........!!

Ieu oge sigana bakating djadi langganan djeung Benkoelen Bazaar, nepi ka ngareclamekeun anoe saroepa kitoe.

Pedah djeung babatoeran, kahajang mah basa anoe kararitoe teh dileungitkeun.

E.M.

— I. WEDARINGSIH —
Vroedvrouw (paradji)
Djalan Bapa Soepi No. 44—16B
Kleine Lengkong — Bandoeng.
1644

# Pasoendan

### Ti Tjiandjoer.

*„Vadertje" ti Tjiandjoer menta diwawarkeun:*

CONSULTATIEBUREAU.

Koe actiefna djoeragan Dokter Poerwasoedarmo, dibantoe koe Pasoendan katoet Pasi, di Tjiandjoer geus diajakeun Consultatiebureau pikeun „mariksa" orok noe oemoerna nepi ka sataoen.

Dina ngamimitian moeka, djalma noe daratang katjida reana, leuwih tina sangkaan. Ieu hidji tanda jen Consultatiebureau teh enjaan dipikaboetoehna. Tjatjakan dibaredjaanana ngadadak, orok anoe daratang ka roemah sakit (natuurlijk diais koe indoeng na) aja 44 sirah awewe-lalaki.

Tina 44 tea aja......... 19 (djadi meh 50 pCt.!!!!) aja tjatjadna. Di antarana aja anoe sahoseun lantaran beri-beri, djeung aja anoe gering repot kalawan teu katara koe indoengna pribadi!

Anoe pang matak watirna, doemeh aja orok anoe tanpa dosa, boedak soetji keneh keuna koe panjakit......... syphilis!

Nilik kana animo noe baris datang, kapaksa ieu bureau dibeulah didjieun doea, soepaja teu ngahesekeun ka moedertjes. Oenggal powe Salasa di roemah sakit (pikeun Tjiandjoer-Wetan) oenggal powe Rebo di clubhuis Pasoendan pikeun Tjiandjoer-Koelon. Mariksana ti poekoel 4 pasosore.

Anoe baroga kapentingan bisa menta katerangan ka:

1. Mevr. Roekiah Vroedvrouw Kebon Djamboe.
2. Mevr. Djoehaeni, Selakopi No. 3.
3. Mevr. Mariah Pandhuisstraat 41.
4. Mevr. Sadjaah Tjikidangweg 186.
5. Djoeragan Soemiratmadja Tjimaja 37.

---

MOENDING - LAJA.

Tjek bedja, ieu pagoejoeban moal lila deui oge baris nembongkeun deui kaboedajanana, ngalalakonkeun „Lenggang-Kentjana" Bedjana ajeuna oge keur sosonsoson repetitie.

Laladanganana, pikeun sakola Pasoendan tjabang Tjiandjoer.

---

EINDELIJK!

Ti baheula Bestuur Pasoendan katoet Schoolbestuurna ngilengngileng tanah katoet adegan anoe pantes pikeun sakola toer pernahna di lelewek sakolaan.

Ari radi, bet pareng ngadoeitan toer nilik kana situatie mah ngadoeitan sakitoe teh asa dibere.

Lamoen pareng, dina cursus anjar mah sakola Pasoendan noe di Selakopi teh baris pindah ka sakola „sorangan".

Lelewekna kaitoeng pikaresepeun baroedak, sabab di dinja teh ngarioeng: Sakola Walanda. Schakel, Sakola kl. II Sakola Ambacht, beh djaoeh meueusan H.I.S. goepernemen.

Djadi oepama ditambahan koe H.I.S. van Pasoendan teh leuwih gegek.

---

KSATRIAN - INSTITUUT.

Gedong oeroet Hotel Wilhelmina di Bodjongherang geus dibeuli koe „Ksatriaan-Instituut" rek didjieun sakola.

Ajeuna oge eukeur diardmean (verbouwd) soepaja geschikt pikeun schoollokalen.

Beda djeung sakola-sakola partikoelir di Tjiandjoer, ieu sakola mah rek make leerplan sakola Walanda.

Nilik animo moerid di sakola partikoelir noe lian (noe saisatna meunang silih eledan) naha ieu sakola bakal rea animona, doeka! Dina djaman anoe normaal, kota leutik kawas Tjiandjoer ngabogaan tiloe welas (zegge 13) sakola teh siga meudjeuhna.

Tapi dina djaman abnormaal kawas ajeuna?

---

### Ti Serang.

„WEZEN - GESTICHT".

Noeroetkeun wawaran ti pangoeroesna anoe dibangoen saheulaanan, di onderdistrict Kasemen (Serang) baris diajakeun „Wezen-Gesticht", pikeun ngarawatan noe miskin djeung jatim.

Tanah pitempateunana ajeuna geus diichtiaran, legana satengah baoe, make pondok-systeem anoe praktisch keur eta kaperloean.

Rea rengrengan kaoem anoe dipenta ngaloeloegoekeun ieu badan (pamaksoedan) sociaal.

---

### Ti Djakarta.

BARANG EXPORT TI INDONESIA.

*Noe bakal didjalankeun ti 1 Mei.*

Noeroetkeun bedja Aneta, ti mimiti atnggal 1 Mei anoe bakal datang, sakoer barang-barang anoe diexport ka nagara-nagara lear (ti Indonesia) engke mah koedoe diterangkeun kalawan make oorsprong certificaat anoe dipasrahkeun (dibikeun) koe autoriteiten Indonesia.

---

KAPANGKATAN GEDEPUTEERDE.

*Teu ngarangkep djeung pagawean sedjen.*

Sakoemaha anoe geus diterangkeun artikelna dina ieu soerat kabar, jen pikeun kapangkatan anoe kaseboet di loehoer teh katjida soesahna lamoen masih keneh koedoe didjalankeun ngarangkep djeung pagawean sedjen.

Noe djadi anggapan Sipatahoenan, teu aja lian, ngan kapangkatan ieu mah beda djeung Wethouder di Gemeente, anoe ambahanana ngan saoeikoer di djero kota, kapan ari gedeputeerde mah koedoe bisa nganjahokeun ka wewengkon provincie.

Ajeuna, tjenah ieu atoeran teh geus ditetepkeun ordonnantiena anoe maksoedna mah nja sakoemaha anoe dimaksoed koe Sipatahoenan (kapangkatan Gedeputeer de henteu bisa dirangkep djeung pagawean sedjen).

Moal boa, kana ieu poetoesan teh loba anoe ngamoehoenkeun.

---

SAHA ANOE BAKAL DJADI VOORZITTER VOLKSRAAD?

*Pamanggihna oerang Kali Besar.*

Tina perkara anoe kaseboet di loehoer teh, lamoen bosen tea mah geus matak bosen deui, da poegoeh dina oenggal soerat kabar pada-pada nembongkeun pamanggihna djeung anggapanana, saha djeung oerang mana anoe bakal djadi voorzitter volksraad teh?

Ajeuna geus djol deui bae anggapan ti oerang Kali Besar, tjenah anoe bakal diangkat kana ieu kapangkatan teh nja eta Mr. W. A.H. Fuchter, adviseur voor Decentralisatie anoe ajeuna keur aja di nagara Walanda (verlof).

Djoeragan Wiranatakoesoema djeung djoeragan Koesoemo Oetoyo, nja kitoe deui Mr. Jonkman, tjek oerang Kali Besar moal kamanah koe anggapan toean Besar mah. Paling-paling oge, Mr. Jonkman mah ngaganti kana kapangkatan anoe ditinggalkeun koe Mr W.H.A. Fuchter.........

Sakitoe pamanggihna oerang Kali Besar teh.

Koemaha anggapan baia-rea bangsa Priboemi? Nja ngan kari njeboetkeun pantes, ari kaloearan ti Kali Besar mah.

---

### Ti Bandjar.

MOBIL WATERSTAAT TJILAKA.

*Diadoe djeung kahar, koe dana dibedil.*

Rebo mangkoekna, di djalan Siloeman (Bandjar-Tjisaga) geus aja kadjadian katjilakaan mobil provinciale waterstaat noebroek kahar nepi ka kaharna roeksak pisan santa koedana nepi ka taratoe anoe matak pikaroenjaeun pisan.

Soekoena potong djeung lobaloba deui. Koe sabab kitoe gantjangna eta koeda teh dibedil nepi ka paehna.

Kahanna sa na sakali henteu ka poeloek deui. Si koesir taratoe sababaraha loewoek, ngan sigana ari matak njalempangkeun kana djiwana mah, henteu.

Harita keneh anoe tjilaka dikintimkeun ka roemah sakit baris di oebaran.

Dimana ajana kasalahan atjan bisa kanjahoan anoe tetela.

---

# Telegram

#### DUITSCHLAND

**Babamian Simon diteroeskeun**

Berlijn, 27 Maart (Aneta-Reuter). Sabadana babadamian Inggris-Djerman, sir John Simon geus nampa gezant-gezant Frankrijk djeung Belgie, nja kitoe deui oetoesan ti Italie tapi tina hal babadamian naon-naonna samasakali teu dibedjakeun.

Ti dinja Sir John Simon powe ieu keneh indit noempakan Imperial Airways.

#### POLEN

**Eden di Warschau**

Warschau, 27 Maart (Aneta Reuter). Eden datangna sore tadi ti Berlijn, sarta powe ieu geus indit deui ngadjoegdjoeg ka Moskou.

#### ENGELAND

**Kabinet ngabandoengan rapport Simon**

Katerangan noe sedjenna baris dipedar pandeuri

Londen, 27 Maart (Aneta Reuter). Kabinet geus ngoempoel misamoan geusan ngabangoen laporan Simon. Di dinja henteu mere kapoetoesan naon-naon. Tjeuk bedja, engkena Simon baris ngasongkeun roepa-roepa tjatetan noe salengkepna ka Kabinet sarta tanggal 28 Maart rek medar katerangan noe ringkes di Lager huis.

#### ITALIE

**Italie nohagaan kakoeatan awang-awangna**

Rek digantjangkeun tiloe taoen.

Rome, 27 Maart (Aneta-Reuter). Onder minister Luchtvaart ngawawarkeun di Kamer, jen patali djeung ditohagaanana kakoeatan awang-awang Inggris djeung Djerman, pamarentah Italie oge geus moetoeskeun, dina ngadjalankeun programma geusan nohagaan kakoeatan awang-awang, noe tadina baris didjalankeun sadjero 6 taoen teh, ajeuna digantjangkeun koedoe anggeus sadjero 3 taoen. Piongkoseunana di tetepkeun kana 1200 millioen lire. Sateroesna diterangkeun, jen noe baris diheulakeun digarap teh njieun bommenwerpers noe kakoeatanana 3000 k.g. bom, lepasna ngapoeng 2000 k.m. djeung bisa ngambah djomantara pangloehoerna 7500 meter.

Dina taoen 1936 minangka keur pertjobaan rek njieun eskader noe salengkepna tina super bommenwerpers.

#### RUSLAND

**Eden katjida diarep arepna di Moskou**

Moskou, 27 Maart (Aneta-Reuter). Staatslieden Sovjet katjida ngarep-ngarepna kana datangna Eden tanggal 28 Maart teh. Koe adjamanana perloe gantjang-gantjang ngajakeun akal-tarekah sangkan bisa njegah bahaja peperangan.

Atjan aja kapoetoesanana ari naon-naonna noe baris djadi djedjer tjarita dina babadamian mah, noeroetkeun dongdonan pihak loear, bisa djadi tjenah noe baris diasongkeun koe pihak Sovjet teh babakoena soeal Oost-Europeesch Locarno djeung tarekah oemoem sangkan bisa woewoeh tegoeh enggoning kaakoeran.

Dina tanggal 21 Maart Eden baris patepoeng djeung Litvinof ari paadoe hareupanana djeung voorzitter raad van verdediging Molotof dina tanggal 29 Maart. Koe sangkaan Eden teh baris nepoengan ka Stalin deuih.

#### BELGIE

**Kabinet anjar.**

Brussel, 27 Maart (Aneta Havas). Kabinet anjar teh dibangoenna kieu:

Para minister zonder portefeuille nja eta: Van der Velde, Hymans (liberaal) djeung Poullet, voorzitter Christelijk - Democratische Partij.

Van Zeeland (R.K.) kabagian portefeuille Buitenlandsche - Zaken.

Roomsch Katholieke djeung Christelijk - Democratische ministers noe sedjenna nja eta: Rubbens (Koloniën), De Schrijver (Landbouw), Van Isacker (Economische Zaken) djeung Du Bus de Warnaffe (Binnenlandsche Zaken.)

Ministers kaom liberaal liberaal: Devère (landsverdediging), Max Leo Gèrard (Financiën) djeung Bovesse (Onderwijs).

Demi kaom socialisten nja eta: Soudan (Justitie), Spaak (Verkeer djeung P.T.T.), De Man (Openbare Werken djeung Werkloosheids-bestrijding) djeung De Lattre (Arbeid).

**Standaard emas.**

Brussel, 27 Maart (Aneta). Nationale commissie ti kaom liberaal, geus moetoeskeun rek ngabantoe ka pamarentah „oepama pamarentah ngandoeng maksoed, rek ngoekoehan doeit franc dina standaard emasna."

#### TIONGKOK

**Bahaja Bandjir.**

10 à 15000 oerang maraot djadi wadal.

Shanghai, 27 Maart (Aneta-Reuter). Ratoesan kampoeng reu djeung mangpirang-pirang kota geus karem katjaahan, dilantaran keun koe bedahna waloengan Jangtse di Sjantoeng-Koelon, Hoepei djeung Kaler-wetan Honan.

Koe bengkakna waloengan dina minggoe toekang ngalatarankeun bedahna tambakan-tambakan nepi ka tjai teh majakpak mangroepa sagara noe legana ratoesan kilometer pasagi.

Noeroetkeun bedja ti Tiongkok bisa djadi aja sapoeloeh atawa 15 reboe noe maraot, poeloehan reboe oerang barirat naringgalkeun roemah tanggana, sedeng ratoesan djalma noe naraek kana loehoereun tatangkalan atawa soehoenan sarta kapegoeng teu bisa walakaja.

Karoegian barang djeung pepelakan geus tampa wilangan deui.

Kota Tsjangjoean di Hopei salin roepa djadi poelo pangedjatan.

Hadena koe ngagoenakeun karoeng-karoeng noe dieusian keusik dipake nohagaan tembok tjai teh bisa keneh katahan, sarta djelema-djelema noe aja di djero benteng kapegoeng teu bisa ingkah, sedeng ajana di dinja teh teu weleh salempang koe djiwana sok sieun bedah tembokanana. meureun teu beda ti beurit tang toe njorang bahaja maot lantaran kakeueum.

#### NEDERLAND

**Robahan wet pilihan**

Rantjangan ditarima koe Tweede-Kamer

Den Haag 27 Maart (Aneta) Koe Tweede-Kamer ditarima kalawan 69 ngalawan 10 soeara hal robahan wet-pilihan. Nja kitoe deui bahroeteng Zuiderzee fonds, toer henteu koedoe distem heula.

**Poetri Juliana beschermvrouwe muziekfeest**

Den Haag, 27 Maart (Aneta). H.K.H. Prinses Juliana geus djadi beschermvrouwe ti Nederlandsch muziekfeest noe diajakeun geusan mestakeun jubileum ka opat poeloeh taoenna dr. Mengelberg.

**Sir John Simon di Schiphol**

Rioengan toeang reu djeung minister De Graeff

Schiphol, 27 Maart (Aneta). Oetoesan-oetoesan Buitenlandsch Zaken Inggris Sir John Simon djeung sakantjana poekoel 1 geus taroeroen di dieu balik ti Berlijn Arandjeunna dibageakeun koe minister jhr. mr. A.c.D. de Graeff, gezant Inggris djeung bibina minister Simon njonja Alfred Simon.

Sateroesna diajakeun rioengan toeang di Schiphol.

**Pamenta oetoesan pers ditolak.**

Simon teu daek mere katerangan

Schiphol, 27 Maart (Aneta). Oetoesan-oetoesan ti kalangan pers geus babarengan menta ka sir John Simon, soepaja daek mere katerangan tina soeal kaajaan Europa noe sakitoe haneutna, tapi eta pamenta teh ditolak, lantaran koe timbanganana minister ieu perkara penting teuing (te delicaat) pikeun dioetjab-atjeh di dinja.

Sir John Simon poekoel 2.12 miang ka Londen.

**Ngagasab doeit crisis**

Tangkepan di departement djeung crisis comitè

Den Haag, 27 Maart (Aneta) Boekhouder ti crisisafdeeling di Economische Zaken W.F. van Beek geus ditangkep lantaran dina taoen-taoen kabehdieunakeun geus ngadjalankeun gasaban. Noe geus kanjahoan aja f 10.000 noe di gasab, tapi bisa djadi leuwih ti sakitoe.

Koe eta boekhoudeur teh doeit panarimaan samasakali teu diasoepkeun kana boekoena, sarta koe roepa-roepa ekol noe katjida pelitna manehna satadina mah teu weleh manggih akal geusan ngaboenian dosana.

Den Haag, 27 Maart (Aneta) Doeaan ti antara personeel crisiscomite geus ditangkep lantaran ngagasab.

Papariksaan kana ieu perkara ajeuna keur di djalankeun.


APOTHEEK „DE VIJZEL"
A.B.C.-straat No. 3 Telf. Nos. 840 & 848.

*PEPERMIN INGGRIS TOELEN.*
Tablet - tablet alit lonjod, dina schroefflacons. Per flacon f 0.60.

*LANDONG RAMBOET!*
Kangge ramboet garing. Emulsified Cocoanutshampoo.
Per flacon f 0.75.
Dina flacon gepeng sae, nganggo schroef. Per flacon f 1.25.
H.F., Brillantine, entjer
Per flocon f 1.25.

*MALAR RAMBOET PAGEUH*
Aynton's Toilet Prafine f 1.15.
Oepami majeng nganggona, disanggal matak liat kana ramboet.

*KANGGE NGALEMESKEUN KOELIT!*
Crême de Beauté Per fl. f 0.75.
June's Vanishing Cream dina tube.
Rikip tjandakeun angkat-angkatan, dina tasch.
Ieu teh anggoeun siang-daloe.
Per tube f 0.35.

*KAPERLOEAN OROK!*
Saboen The White Cross Baby Sajaqi roepi-roepi saboen (grond zeep) noe araqeung kaangseuna seger seungit amandel.
Pangaos sahidjina 25 cent.

*INSECTENPOEDER.*
Insectenpoeder teh teu kinten saena keur noe karagoengan satoingoe mah. Oetjing sareng Andjing kabiasaan sok seueur pisan koetoena. Oepami dipajengkeun nganggo ieu oebar (insectenpoeder), malah saena mah nganggo parabot parantina (poederblazer), tangtos koetoe-koetoe teh tiasa kaitoempes.
Per fl. 75 cent.

*NICOTINE POEDER*
Kangge ngadiagi roepi - roepi ganggoean kana pepelakan kembang (orchidee), sapertosna koetoe-koetoe, boeloekan, sae ngangqo nicotine-poeder. Minangka boeroehna, engke tangtos kaoeninga koemaha saena kembang djoeragan.
Per fl. 65 cent.

*JANO's DOG SOAP.*
Saboen noe katjida saena kangge miara andjing.
Sahidjina 45 cent.

No. 69.


# Panganggoeran

**Sayonara!**

Tabèèè............ pihartieunana mah.

Oepama teu salah Entjep njoerahanana, dina artikelna anoe didjoedoelan „Naar de derde Japansche vergissing?", menir Zentgraaff geus bendoe antep-antepan ka oerang Japan. Anoe djadi poko alatan mah, nja kakaren conferentie keneh bae, noe teu poegoeh boentoetna di Batawi djeung noe gagal di kota Kobe, Japan.

Ringkesna mah teu ngeunah tjenah, asa dioenghak, asa diteungteuingan, lantaran oerang Japan aradigoeng galede.........hoeloe, ieu aing djadi bangsa kelas loehoer, toer tohaga pakarang parabot perangna.

Toean Z. boga kajakinan, jen dikitoe-kitoe teuing mah bangsa Walanda oge moal tjitjingeun, sarta dina noetoepkeun karanganana, njeboetkeun, madjar lamoen oerang Japan teroes - teroesan ngoenghak, ngoentoep, enz. bangsa Walanda bakal narangtoeng ninggalkeun korsina, bari tabe:... ......*sayonara!*

Sakitoe tah boentoetna pareboet basa dina koempoelan di Kobe teh.

Katoekang Entjep geus mere advies, soepaja koe pepeta bae atoeh babadamian teh, ngarah djempe, djempling tiiseun, tapi gede resultaatna........., lantaran dina seuhseuhanana mah, kapan lain ngan *sedikit bitjara banjak kerdja* bae, tapi da aja noe gede hasilna sama sakali teu perloe reudjeung njarita!

Silih sedekeunana toean Z. djeung bangsa Japan atawa leuwih pantes diseboet djeung koran Japan, Entjep moal toeroet tjampoer, keun bae ongkoh-ongkoh parangkat dinja, da geus pada „galede" ieuh!

Memang, sireum oge ditintjak tintjak teuing mah.........

Lamoen kitoe, bangsa Entjep, noe geus „gebrandmerkt": „het zahtste volk der aarde", nja di tintjak oge meureun kalah ka...... ......*sayonara!*.........

*Entjep.*



N.B. Oelah lali! Oepami bade baranggaleuh goenting ieu Advertentie, tangtos diwoewoehan nganggo PERSENAN

# Staande Salonklokken

DITANGGEL:
Sapertos ieu gambar
Ageung sorana
Akoer djalanna
Mirah pangaosna.

Gongslag pangaos f 65.
Westminster Carillon pangaos f 85.-

Oepami palaj sanes roepi (sanes model) tiasa oge dipesen.

# Hangklokken

Bimbam-slag pangaos f 21.-
Junghans-Wekker ngawitan pangaos f 2.75

Sadajana ditanggel nganggo serat GARANTIE. 1659

Hormatna Toko Mas Inten N.V. Handel Maatschappy
DE CONCURRENT Juweliers
Bragaweg No. 41 Telefoon 667 — Bandoeng

## 1 April 1935

Kedah ti ajeuna keneh njarios!
Saha noe kendor katinggaleun!!
Saha noe datangna elat moal ditarima!!!

Naon tea?!?

Dina dinten anoe kasebat di loehoer „AUTOTECHNISCHE CURSUS" nampi deui moerid anjar keur endjing-endjing:

Pangadjaran ti poekoel 8 doegi ka poekoel 12.30.

Bajaran f 3.— (tiloe roepia) sa boelan.

Pangadjaran lamina ± 1 taoen.

**KEUR SALAMINA!**

Bagian Chauffeurscursus, nja eta keur pangadjaran endjing-endjing sareng sore salamina nampi pimoerideun.

Cursus anoe kasebat di loehoer teh dibagi djadi:

a. Bajaranana f 2.50 saboelan: lilana diadjar 8 boelan.
b. Bajaranana f 5.— saboelan: lilana diadjar 4 boelan.
c. Bajaranana f 10.— saboelan: lilana diadjar 2 boelan.
d. Bajaranana f 20.— saboelan: lilana diadjar 1 boelan.

Katerangan noe langkoeng paos soemping bae ka:

**SOEWITO ADIE POURAW**
*Directeur Autotechnische Cursus, Gr. Postweg 60 BANDOENG.*

No. 49.

# Congres Programma

CONGRES PASOENDAN KA XX SARENG CONGRES PASOENDAN ISTRI KA IV, DIAJAKEUN DI BANDOENG, TEMPATNA DI CLUBHUIS, KATJA - KATJA WETAN, TANGGAL 18 APRIL 1935 NEPI KA TANGGAL 21 APRIL 1935.

—&—

*a. Malem Djoemaah 18 April 1935:*

*PASOENDAN:*

Besloten Vergadering, ngawitan taboeh 8 (Verslagen sareng Congresvoorstellen).

*PASI:*

Besloten Vergadering, ngawitan taboeh 8 (Moeka Congres. Verslagen sareng ngabadantenkeun voorstel perkawis ngaleungitkeun palatjoeran, nganggo inleidster ti R.S.).

*b. Dinten Djoemaah 19 April 1935:*

*PASOENDAN:*

Ngawitan taboeh satengah 9. Besloten Vergadering (Statuten Bank Pasoendan, neraskeun Congresvoorstellen).

*PASI:*

Ngawitan taboeh 9. Besloten Vergadering. (Ngabadantenkeun voorstel perkawis kiesrecht kanggo istri, nganggo inleidster ti R.S. sareng voorstel-voorstel noe sanes).

*c. Malem Saptoe 19 April 1935:*

*PASOENDAN:*

Ngawitan taboeh 7. Receptie, saparantosna ngabadantenkeun poetoesan Conferentie wakil - wakil Pasoendan di Gemeente sareng Regentschapsraden.

*PASI:*

Ngawitan taboeh 7. Receptie sasarengan sareng Pasoendan. saparantosna besloten vergadering, neraskeun ngabadantenkeun voorstel-voorstel sareng noetoep Congres ka IV.

*d. Dinten Saptoe 20 April 1935:*

*PASOENDAN:*

Taboeh 9 ngaroeat adegan Pasoendan di Regol Bandoeng. Neraskeun Congresvoorstellen sareng ngabadantenkeun beleid Hoofdbestuur.

*PASI:*

Taboeh 9 ngaroeat adegan Pasoendan di Regol Bandoeng sasarengan sareng Pasoendan. saparantosna di Clubhuis Pasoendan, Katja-Katja Wetan No. 123 moeka handwerktentoonstelling Pasi.

*e. Malem Ahad 20 April 1935:*

*PASOENDAN sareng*
*PASI:*

Ngawitan taboeh 8 di Schouwburgzaal Concordia, Groote Postweg.
Opvoering: Mintonkeun kaboedajan Soenda. Tongtonan, Tooneel enz.:

*f. Dinten Ahad 21 April 1935:*

*PASOENDAN:*

Openbare vergadering Pasoendan.
Ngawitan taboeh 9 di Clubhuis Pasoendan Katja-katja Wetan No. 123.
1. moeka Pasamoan;
2. bewara poetoesan-poetoesan Congres;
3. lezing Djoeragan Ir. Djoeanda tina perkawis Industrialisatie.
4. debat;
5. noetoep Congres.

*PASI:*

Ngaloe'oehan openbare vergadering Pasoendan.

*g. Malem Senen 21 April 1935:*

*PASOENDAN:*
*PASI sareng*
*J.O.P.:*

Ngawitan taboeh 8 besloten bijeenkomst.
Pasamoan rioeng moengpoeloeng (Pasoendan - Pasi - Jeugd organisatie Pasoendan).

*Oepami perloe ieu Programma tiasa dirobih!*

Kalajan Asmana Centraal Comite Congres Pasoendan ka XX, sareng Pasi ka IV.

De Secretaris,
*A. ATMA DI NATA*

**MOENG HIDJI - HIDJINA**

Apotheek di Bandoeng anoe ngagadoehan Ass. Apotheker bangsa **Priboemi**.
Dina ngalajanan ka tatamoe ditanggel njoegemakeun. Nja kitoe deui dina pangaosna, para Djoeragan Istri sareng pameget tiasa ngaboektikeun koe andjeun, diantos soemping ka sadajana publiek kalajan ditampi koe kabingahan. No. 6571
Kairing koe kahormatan

N.V. SOENIARADJA APOTHEEK
Pasar Baroe 106A — Bandoeng — Telef. 115 (Pengkolan Kompa)

**Awas! Persen f 1000.**
(sareboe roepiah)

Siapa sadja jang bisa kasi katerangan saja poenja **obat-obat** tjampoeran dari apa.

Speciaal dari:

**Penjakit**: impotencij (peloeh), aambeien, segala penjakit koelit, loeka of gatel.
**Penjakit**: Sijphilis of gonorhoea dan mata.

Saja bisa bikin baik 90 %

Toean² dan Njonja² kaloe ada penjakit, seperti sakit: Ambeien, kloear darah of kloear bidji of penjakit prempoean, kloear nanah of loeka kemaloean (peloeh), mani entjer, sakit batoek, sesek napas, nierziekte, orang (prempoean tidak tjotjok boelan of kloear kepoetihan (pektay), sakit toelang of badan mati separo.
Dan segala penjakit mata: kaboer of merah of kepoetihan of kloear aer dan lain lain, saja tanggoeng bisa kasi obat sampe baik.
Boleh lekas dateng sama Tabib AMIROEDIN, djangan sampe nasi mendjadi boeboer.
Segala waktoe boleh panggil di dalem of loear kota.
Ongkos direken pantes.
Djam bitjara: Pagi 8 — 1 86
Sore 4 — 8
*Memoedjikan dengen hormat!*

PROF. TABIB AMIROEDIN
Oosteinde 17A (Parapatan 5)
Telef No. **727** Bandoeng.

**KABAR PENTING**

Ngawitan sasih ieu, barang barang di Toko pribados salianna sawatawis artikel, pangaosna ditoeroenkeun anoe pohara.

Pangaos miring, pangaos dibanting.

Toko ANG WEST
27 Passar Baroe 34 — Bandoeng

AMBEIEN — WASIR

Panjawat wasir anoe kaloearan getih atanapi henteu ditanggel tiasa sae dilandongan lebet 15 dinten kalajan zonder di operatie (dibelek).
Oge panjawat: Asthma, gohgoj ngaloearkeun getih, atanapi kosong, medjen, panjawat istri, kentjing manis, panjawat toelang, seueul angen, kepoetian (pikthay), pameget anoe kirang kakiatanana (peloeh) sareng sadjabina. Saneskanten panjawat dilandongan doegi ka sae pisan zonder operatie tea.
Moegi djoeragan - djoeragan kersa njobi koe andjeun bae. Pangaos landong-landong direken noe pantes katjida

Noe ngadjeng - ngadjeng kalajan hormat
Ch. Hardin Tabib
15 Soeniaradjaweg 8A — Tel. 1664 — Bandoeng
N.B. Landong-landong tiasa dikintoen kalajan Rembours

*Aos sing doegi ka toetoegna s. kabar Soenda*
**SIPATAHOENAN**

**TOKO LUCKY**
**Heeren Kleeding Mode Magazijn.**
Pasar Baroe — 77 — Bandoeng

Baroe trima dari Australie sepatoe Toean. Harga per pasang . . . f 3.50
Kemedja dari Europa, moelain harga . . f 1.25
Dasi dari Amerikaan, moelain harga . f 0.75
Enz. enz.
Depot sepatoe merk „ROBINSON"
Djoega kita ada bikin pakean toean- toean.
Pakerdjaan ditanggoeng netjes dan moerah.
Coupeur: M. HOESIN
Satoe toekang potong jang soedah berpengalaman tjoekoep dan pande. 47

# Karang-Hawoe

Koe:
*Sjarif-Amin.*

**10**

— Kieu atoeh euis noe saenjana mah! Gandjaran atawa kanoegrahanana noe hiroep di djaman lahir teh taja deui iwal ti njorang soeka pada soeka, silih simbeuh koe wedi-asih, silih seblok koe katineung hate noe ngantjik di sadjinisna-sadjinisna.

Moelja djelema noe koemelendang, oepama kakangen hatena henteu nogentjang. Laksana mah euis, keuna koe laas, aja wawatesanana, tapi silih eunteupanana kasoetjian batin, koemboehna rohani, eta langgeng ngatengna. Teu pisah koe papisah, teu anggang koe paanggang, paribasa nadjan disapih koe pati, dihalangan koe adjal, moal daek poejar. Engkang, saengkangeun, ngarasa djadi djalma oentoeng kabina-bina, lantaran panoedoehan hate tibelat ka euis teh aja pamoelangna.

Bakal ngarasa djadi djelema anoe pohara tjilakana, oepama engkang kangen ka euis teh koe euis teu dibalesan. Soemawonna nepi ka mengpar pisan mah.

Tah, oepama kitoe, dina teu kalakonna teh, engkang ngarasa pohara diteungteuinganananana, asa disapirakeun, asa teu diangken oemmat koe Goesti Noe Maha Soetji. Alhamdoelillah, geuning engkang mah teu kitoe, boek tina kabagean keneh lahan dina kaweningan ati euis.

Ajeuna oerang teu bisa metik boeah tjita-tjita hate, lantaran halangan-haroengan sakoemaha anoe diterangkeun koe euis, teu naon-naon. Engkang henteu sareng moal aral, da mana kitoe oge taja kadar Pangeran. Pokona anoe djadi panjileukan engkang mah, taja deui iwal ti pamoelang tjiteresna manah euis anoe djadi oebar tjikahoeripan, panjamboeng oemoer, bawaeun balik ka djaman batin.

Geura seug koe euis lenjepan!

Teu laksana lantaran ambon sonangan, hartina beda deui reudjeung teu katambang beas doemeh aja halangan noe lian.

N'imat euis noe kaseboet pandeuri mah, da ongkoh kitoe, gandjaranana noe silih-asih mah dina nganteng nineungna, dina kalelebanana. Koe jakinna bogoh henteu nogentjang oge, eta djadi hikmat pohara pisan.

Engkang pertjaja kana kawelas euis, anoe matak engkang mah keukeuh ngarasa gede hate, ngarasa poendjoel ti batoer, paribasa paeh oge moal panasaran.

Tjoba bae pilih koe euis, naha mending teu laksana lantaran bogoh henteu dilajanan, atawa teu kalakon lantaran panghalang deungeun?.........

Noe saoerang deui ngahoeleng toengkoel bangoen ngoengoen anoe taja papadana. Sigana manehna ajeuna mah anoe kagiliran kasedekeun tjarita teh, karasa rea benerna noe geus dilisankeun koe djoengdjoenan hatena.

Lila tingharoelengna teu kade nge ketjet-ketjet, itoe-ieu kawas noe parna ngarasakeun kasoempegan.

Tengtoengna, golojoh bae anoe ditanja tineung teh masrahkeun ragana; henteu dihadja, sigana awahing koe teu pararoegoeh rarasaan bae, njoeoeh kana harigoe noe ngalahoenna, njoesoepkeun beungeut bari inghak-inghakan. Karasa haneutna tjipanon temboes kana dada!

Ditendjo saliwat, pamolahna teh teu beda ti boedak noe soemedeng piindoeng, soengkan pisah, samar beunang koe pamaksa.

Reuwas noe lain meumeueusan mimitina mah noe saoerang deui teh; tapi, barang karasa ambekanana noe noedoehkeun kaihlasan, karasa tjipanonna noe djadi saksi paneger hate, kabaloewengan teh dadak sakala njingraj, diganti koe katoemarimaan, koe rasa dja di mahloek noe sampoerna, tjeuk cekoeranana!

Koerang naon deui atoeh, lantaran sakoemna kakangen hate, noe sok dipitjangtjam, noe sok di lamoen, noe sok kapiraraj, noe sok kaimpi-impi, djadi panjileukan beurang djeung peuting teh, ajeuna mah aja dina lahoenanana, njasat geus kapibanda!

Dina saat eta, asa ngan mara nehanana bae doeaan noe ngeusian djagat boeana teh.

Kana tamat sapeuting dipake ngangon ingetan lamoen teu aja noe ngageuing mah. Dadak-doemadak bae, paralak hoedjan, langit noe lenglang ti sore keneh teh, harita mah tjeudeum, ngaroej, mepes seuneu kabirahian anoe ngantjik di ieu doea oemmat Allah.

Teu ngaromong, kawas geus saniat, djoeng korsi hoë teh digotong, noe saoerang lebah panodjeranana, saoerang deui lebah panjarandeanana, diioehkeun deukeut tangga hareup pasanggrahan.

*(Samboengeun).*

„SIPATAHOENAN"

# Pangawasana ka-doenja-an.

Koe:

*„SOERYA - POETRA"*

Koe timboelna „sang malaise" anoe dipikagimir koe antero mah loek — anoe ngalantarankeun datangna „hoedjan tjimata" reu djeung „lara balangsak" di kala ngan rajat oemoem, henteu saeutik menena boekti-boekti djeung kanjataan, soepaja oenggal-oenggal djelema, daek teu daek, kapaksa pada mikirkeun „soeal kahiroepan oemoem"......... di djero masarakat doenja anoe dina waktoe ieu keur nandangan dododja rantjana.

Kapitaal — anoe dina waktoe normaal — bisa ngadatangkeun kasoegemaan djeung kaagoengan, waktoe ieu geus salin roepa, geus beda harti, lamoen henteu sabalikna teh: babakoena kapitaal-kapitaal anoe ngawoedjoedkeun: onderneming-onderneming, pangalian-pangalian, palajaran-palajaran dj.s.t.

Pangaroeh roeksakna kapitaal gede, anoe dipake djadi djiwana staat modern kiwari, henteu koerang-koerang narikna perhatian achli-achli nagara ti oenggal-oenggal bangsa, sabab lain bae hesena ngatoer begrooting, tapi oge timboel roepa-roepa kadjadian di djero nagara, di djero pakoemboehan bangsana, anoe teu dipiharep boh nahan kamadjoeanana, boh ngarendahkeun martabat lemah tjaina.

Werkloozen tambah reana, ngaleut - ngeungkeuj ngabandaleut, djadi kamonesan doenja modern, djadi papaes kasopanan.......... saperti anoe geus boboleh teu sanggoep reboet hiroep dina masa rakat anoe make semboja̱n: *„Siapa tjepat, itoe jang dapat - siapa koeat, itoe jang menang!"*

Tjeudeumna alam doenja, anoe ngarasa sedih djeung ngangres koe ngadjeueung gontjangna tihangna pereconomiean — anoe diiring koe soemarambahna sora rajat ti lapisan handap anoe goemoeroeng djadi hidji, anoe dina erohna teu sepi-sepi koe kangerikan hiroep sarta teu weleh-weleh sabar anoe dibarengan koe nenedа ka Noe Kawasa, sangkan lesot tina bahaja „hina djeung siksa doenja". — geus maksa ka karadjaan Inggris, sangkan ngajakeun daja oepaja pikeun ngalesotkeun Europa tina genggemanana sang Malaise anoe gagah perkosa.

Conferentie Economie Doenja — anoe diboekana koe Radja Inggris koe andjeun kalawan make oepatjara karadjaan, anoe kakara hidji-hidjina pisan aja dina riwajat kaagoengan Groot Brittannie sarta anoe makan ongkos ratoesan reboe dollar — kanjataan saperti anoe teu wasa ngalawan atawa nolak sang malaise: malahmalah koe gagalna ieu oeroesan teh saroea bae hartina djeung mere tangara ka oerang rea, sangkan pada-pada ichtiar pikeun ngadjaga dirina sewang-sewangan.

Kawas teu djaoeh ti kitoe, deroepa noe enja pisan, koe boejarna ieu Conferentie teh anoe dipiriɡ koe hengkerna pangharepan kana bisa poelih deui koe dajana babarengan; ti ditoe ti dieu timboel „soeara baroe", anoe beuki lila, beuki etjes djeung tetela, nja eta „soeara baroe" anoe diloejoekan koe kajakinan anoe tohaga kabina-bina, jen......... perekonomian bangsa moal pinanggih djeung kamadjoean anoe soegema, lamoen teu dibebenteng koe kakoeatan sendjata.........

Achli-achli ekonomie (jakin djeung pertjaja, dina djaman kiwari, perekonomiananana (kapitaalna tangtoe baris njanghareupan persaingan concurrentie) noe hebat kabina-bina, da poegoeh itoe-ieu oge pada-pada neangan, daja oepaja sewang-sewangan, sangkan kapitaal bangsana tetep meunang kaoenggoelan. Eta sababna, noe matak dina proengna papasan ka nagara-nagara deungeun teh, moal aja pangawasana, saoepama taja babanteng anoe dipake: goenoeng geusan nanggeuh, anoe sawaktoe-waktoe beunang dipake netepkeun djeung ngadjaga kahormatanana.

Tangtoe pisan oenggal-oenggal karadjaan anoe boga tanggoeng djawab kana kabangsaanana moal soengkan daja oepaja, moal weleh neangan akal tarekah sangkan kapitaal bangsana tetep aja dina kamadjoean djeung kaoenggoelan. Sabab koe roeksakna (moenderna) perekonomian bangsa teh, lain ngan roegi pikeun golongan anoe gede doenjana bae, tapi henteu saeutik mamalana kana kaajaan djero nagarana; tjara anoe eukeur karandapan koe kapitaal Twente ajeuna.

Kapan nja ieu pisan—kaajaan di Nederland djeung di djadjahan Indonesia anoe ngalantarankeun timboelna conferentie Japan—Nederland oge!

Koemaha boektina?

Karadjaan karadjaan Europa anoe galede—leuwih-leuwih pikeun Djerman anoe make dadasar National Socialisme—insjaf bener-bener ieu kaajaan teh.

National Socialisme (Hitler) anoe njangga kana kasoegemaanana rajat Djerman boh noe gede doenjana (fabrikant), boh boeroehna boh tanina tangtoe salah kabina-bina, lamoen henteu rikat njokotan deui pandana teh. Leuwih-leuwih bahajana pikeun kahormatan National Socialismena, lamoen Hitler, satjara gegedoeg Djerman, henteu ngajakeun kakoeatan satjara anoe tohaga djeung santosa, sanadjan „sepak terdjangna„ anoe saroepa kieu koedoe ngarobek Verdrag Versailles atawa noekang nonggongkeun kaboetoeh deungeun......

Sabab:

Kapitaal Djerman, koedoe bener-bener mere kakoeatan ka Nagarana, pikeun njoegemakeun bangsa sakoemna.

Bisana kieu teh tangtoe koedoe golang, koedoe madjoe, malah baris tambah-tambah hadena lamoen bisa mekar ka doenja sedjen.

Hitler jakin, jen lamoen kapitaal Djerman taja tanagana, lamoen perdagangan Djerman henteu menjat deui, tanwande Nazi's troepen anoe koemaha bae koeatna oge, baris moal aja dajana, lamoen koedoe njangheupan...... kasangsaraan rahajat Djerman. Tambah penting hartina, lantaran Djerman ajeuna henteu ngabogaan tanah djadjahan anoe sakadar beunang dipake ngagandjel-gandjel kaboetoeh bangsana boh anoe direct atawa anoe indirekt.

Kitoe tah sababna noe matak karadjan-karadjaan noe galede waktoe ieu di djero krisis anoe sakieu antep-antepanana pada noedjoe kana militarisme!

Eta kakoeatan teh, lain bae dipake goenoeng panangeuhan dina ajana bantjang pakewoeh, tapi j u i s t ...... hidji djalan anoe penting kabina-bina.

Achli ekonomie ajeuna pada pada baroga pangalaman anoe hade kabina bina, jen koe hebatna malaise teh, kapitaal anoe digoenakenn, dina maskape - maskape pertanian djeung perdagangan anoe biasa, anoe djadi kaboetoehna hiroep oemoemna, moal bisa ngadatangkeun hasil, malah sabalikna.

Naha kapitaal anoe dianggap djadi djiwana staat modern teh — sadrah djeung pasrah bade ngarandapan kasoekeran??

Tangtoe mahalna!

Sabab peta kitoe teh henteu pamohalan djadi djalan kana datangna staatsbankroet.

Djawabna:

Bagian mana deui atoeh anoe bisa ngadatangkeun hasil??

Kakoeatan militair!

Kitoe sababna, noe matak di na djero krisis anoe sakieu hebatna teh, oenggal - oenggal Karadjaan pada ngoeatan angkatan djoeritna.

1e. Dipake goenoeng panangeuhan, anoe datangna tina pangawasana daja sewang - sewangan dina doenja ekonomie.

2e Dipake kamadjoean kahiroepan di djero nagarana, pikeun ngadjaga staatsbankroet. Sok komo deui, lamoen oerang pada terang kana gedena begrooting anoe sabener-benerna anoe dipake dina ieu bagian.

Koe ieu djalan, kahiroepan rajat di djero nagarana—kahiroepan bangsana, bisa diharep leuwih hade ti batan ka toekang toekang. Nja padika ieu pisan, anoe nimboelkeun, bedja-bedja jen werkloozen di Djerman, nja kitoe deui di Italie, lain nambahan, tapi beuki ngoerangan reana!

Doenja sakoemna, leuwih-leuwih oerang Koelon anoe ngarandapan pait peuheurna njorang peperangan, tinangtoe aroeninga, jen ngoeatan kakoeatan djoerit teh, hidji kaajaan anoe henteu pamohalan—lamoen lain diseboet tangtoe teh—dina sawaktoe waktoe bisa nimboelkeun hal-hal anoe henteu njoegemakeun, boh pikeun kamoeljaanana agama, boh pikeun pangawasana kamanoesaan.

Tjek saliwat mah—tetep dina anehna, bangoen-bangoen anoe geus paroho kana sorana si Bertha djeung sabatoera—tapi sing saha anoe nalingakeun bener-bener kana kapentinganana ekonomie sarta koemaha patalina djeung pangawasana staat kiwari, sakadar anoe geus didadarkeun di loehoer, tangtoe bakal njeboetkeun: h a n d j a k a l!

Oerang rea anoe pada ngabarandoengan, tetep dina handjakalna, da poegoeh teu daja teu oepaja tea.

H a n d j a k a l, pedah saboeder djagat djiga anoe mopohokeun kana pangawasana kakoeatan sendjata.

H a n d j a k a l, pedah saboeder djagat, djiga anoe t e u w a s a taloek kana pangawasana agama djeung kamanoesaan.

H a n d j a k a l, pedah saboeder djagat, djiga anoe ngagoesoer pangawasana nationalisme (broederschap-vrijheid-gelijkheid) kana ... djoerang kaangasan.

Dina kitoena, oerang mah teu weleh ngarep - ngarep, sangkan oerang rea, lesotna tina „kasoesahan" teh, bisa njorang djalan anoe loeloes bangloes....

Iraha pangawasana k a - d o e n j a a n rek toendoek djeung taloekna kana pangawasa ka-soetjian?

## Soerat

*(Locar tanggoengan Redactie).*

**Tegenstuk.**

*kana Verliefd - Verloofd - Verlakt, anoe parantos dimoeat dina Sipatahoenan kapoengkoer dina sasih Februari 1935.*

Schrijver eta karangan nja eta sami keneh eta noe gadoeh lalakon, Salman (Angkama Salman).

Sadaja kenalan atanapi wangi wangi anoe oeninga ka djisim koering sareng ka poen anak, anoe parantos ngaos eta karangan noe dititelan Verliefd - Verloofd sareng Verlakt, bilih aja manah netepkeun ka djisim koering „kolot anoe antepan" atanapi ka poen anak „boedak anoe awon lampah" moegi heula kers. nimbang-nimbang, ari margina eta Djoeragan Angkama Saeman teh atanapi Salman, bangoen anoe ambek-ambekan (poesing), djalaran ditampik, doepi margina kaanggapna koe djisim koering andjeunna teh sanes anoe bade enjaan ngan oekoer hajang heureuj, loeang-loeang barhedak ajeuna, kawoewoehan parantos ditaros oge „alleen voor spelletje" sanggemna.

Djabi ti eta panginten bae pangna seseepan, doegi ka dilebetkeun kana serat kabar teh nanaon, maksad andjeunna heuheureujan teh henteu laksana, ari margina koe poen anak henteu diladenan, margi maksadna poen anak mah da sanes hajang heureuj, kawoewoehan henteu poeroeneun daŋganggo njeratan ka sakola nanaon dina prent-briefkaart anoe katampina koe goeroena, doegi ka diseuseulna, samaroek goeroena sok ngahadja seseratan (bobogohan).

Doepi eta mah serat-serat ti poen anak ka andjeunna anoe dimoeat dina serat kabar tea, sanes ngalajanan moeng sajaktosna mah njarek kana seseratan kitoe teh, eta mah awahing ma'loem pangawak boedak awewe loba kasieun, oepami ditjerek delegkeun, jen teu poeroen mah sieuneun, djadi kapaksa manehna teh make basa anoe ngalap-ngalap, kana manah na djoeragan Angkama, padahal mah katjida sieuneunana nampi deui serat teh, geuning kapaksa manehna dina soerat ngabohong, make njebatkeun ka Soekaboemi, sareng titirah di ziekenhuis deui, eta teh salking koe sieun, da sajaktosna mah henteu.

Sadjabina deui poen anak teh da teu atjan terang-terangeun atjan di roepina djoeragan Angka ma Saeman teh, terangeun soteh ngan waktoe panoengtoengan andjeunna wantoen nepangan ka rorompok, henteu atjan kenging paidin ti djisim koering anoe djadi kolotna, atanapi permisi koe soerat nek datang ka imah djisim koering — henteu ieu mah — moeng ambon bae djangdji-djangdji hajang dongkap ka rorompok djisim koering ka poen anak. (Bade kennismaking maksadna mah).

Atoeh koe margi eta boro-boro kenging karaosan andjeunna teh, anggoer dipapagkeun koe tjeurik sareng kaambek ti poen anak, da kitoe djalanna, oentoeng keneh bae andjeunna teh henteu dioesir oge koe djisim koering, margi ngaragangan kana salirana.

Namoeng manah andjeunna mah keukeuh ngageremet asa ditampik, henteu roemaos kana kalepatanana, nja boektina nganggo papandjangan nanaon dilebetkeun kana serat kabar, jaktos dilebetkeunana sapertos feuilleton tea mah, moeng ti pihak djisim koering teu kinten ngaraos asa dihinana, margi eta teh hidji kadjadian anoe hina pikeun di roemahtangga djisim koering mah, ladjeng diebrehkeun pisan ka sadajana para noe maos Sipatahoenan.

Oepami eta feuilleton moeng pikeun karesepan bae, naha atoeh henteu menta idin heula ka djisim koering, oepami sanes hojong *poeas* mah ka familie djisim koering, atanapi ngaran-ngaran direka deui, ari djenengan andjeunna mah diverkort A.S., ari pikeun djisim koering mah sareng poen anak mani volutit pisan, djadi hidji tawis samata-mata andjeunna teh toekang ngagonggoe kana eer batoer, boektosna kapan poen anak oge eukeur djongdjon sakola, ajeuna doegi ka ditjaboetna da sieun aja kadjantenan anoe langkoeng hebat ti andjeunna atanapi ti noe sanesna deui.

Titel karangan andjeunna anoe disebat Verliefd - Verloofd - Verlakt eta teh sama-sakali papahare pisan sareng boektina, ari margina da poen anak teh henteu verliefd sareng andjeunna teh soemawonten verloofd malah doegi ka verlakken-na henteu pisan, eta mah andjeunna bae ambon sorangan, panginten; ningal oge kakana waktos dongkap ka rorompok tea bae, malah koe tina teu roemaosna sareng ngaraos dibeleedigd, doegi ka djisim koering kelak ka poelisi, bongan nganggo dionarkeun dina serat kabar nanaon.

Satadina mah djisim koering reik djempe-djempe bae, margi ka roenja ka andjeunna sareng loembrah moenggoeh lalaki mah, sok mobok - ngorowek, namoeng andjeunna parantos ngadamel tjode ka koe andjeun ngababantoen boesoek ka diri batoer (ka hidji boedak awewe anoe tatjan kasebat lebet kana oeroesan kolot soemawonten lebet kana golongan istri anoe parantos legok tapak, gentengg kadekna, anoe parantos seueur loeang tina hal kitoe).

Naha andjeunna teh doegi ka teu emoet dikasopanan andjeunna, kapan andjeunna teh, hidji goeroe anoe wadjib ngadjar njontoan bener ka moeridna, oelah noengtoen kitoe, toer ka pantar moerid pisan, eta mah estoe ngawiwirang salira koe andjeun, nembongkeun andjeun, njirian andjeun; soemawonten gadoeh kaкaroenja, henteu aja pisan.

Pendekna tjarios sakieu bae, moal teras diseseepkeun, margi dima'loem bae andjeunna teh roepina *katoeralengan*, sareng oerang-oerang oge ana parantos roj ka istri teh, mani geus teu kenging disisilihan, moeng bae tara ari doegi ka kitoe mah, sareng kedah bener djalanna, atoeh rek ditampi - rek henteu kedah terang terangan, ari parantos teu ditampi mah oerang teh nja kedah masrahkeun ka *kadar* bae, sanes! Oelah ambek-ambekan, oelah hajang poeas mateni awak batoer, margi koe Pangeran panginten teu dikadarkeun pang teu dirangkepkeun oge, ana tetep ngagoegoeloekeun napsoe bae, kantenan anggoer matak mateni ka diri koe andjeun.

Salamna

*PARTAATMADJA*.


Teu atjan lami Pribados nampi barang engggal,




NJAETA STOPFLESCH (KELER) KANGGO WADAH GOELA, KOFFIE, TEH, OEJAH s.d.t. PANGAOS MOENG 20 CENT. SADJABINA TI ETA PARABOT KANGGO KA PERLOEAN DAPOER COMPLEET, OGE PANGAOSNA DITANGGEL MIRAH SARENG STELAN TJANGKIR TINA PANTJI PANGAOS MOENG 17½ CENT.

KANGGO NGABINGAHKEUN MOERANGKALIH PRIBADOS NJAJAGIKEUN MAENAN NOE DIHADJA KENGING NGATOER SOEPADOS NGARAH BINGAH DI MOERANGKALIHNA DIKANTONGAN. DINA HIDJI-HIDJINA KANTONG DI EUSI ROEPI - ROEPI MAENAN. PANGAOS TI KAWIT 20 CENT DINA SAKANTONG.

Koemargi kitoe panoehoen djoeragan kersa saroemping ka toko TJIJODA bok bilih seepeun manten, margina moeng njajagikeun saeutik.

HOERMATNA, 107

WARENHUIS TJIJODA

Groote Postweg - Telefoon No. 955 - BANDOENG



DAGANG ..............

SARENG DAGANG KANTENAN SAMI

NAMOENG ..........

Toedjoean padagang noe kantenan moal sami 10 Sapertos:

SALAMINA

Batikan, sindjang poleng, ketoe-oedeng, kopjah, palekat soetra, samarenda s. s. t.

Ka noe baranggaleuh nampina ka lajan kahormatan.

Barang-barang anoe diitjal kantenan model noe panganjarna.

Ngitjal barang sawios oentoeng saeutik, soepados seueur ngitjalna.

TOKO HALIM

Wester Passar - straat No. 16 nanggel tiasa njaosan, sakoemaha anoe kasebat diloehoer MANGGA SAROEMPING.



*Aos sing doegi ka toetoegna s. kabar Soenda*

SIPATAHOENAN

## Pergerakan

### Wawaran ti Partindo.

Partindo geus ngirimkeun wawaran saperti ieu di handap:

Soesoenan Pengoeroes Besar Partindo jang baroe:

Sdr. Soediro mendjadi Ketoea.
*Makloemat Pengoeroes Besar kepada segenap tjabang tjabang dan rakjat diseloeroeh Indonesia.*

Pengoeroes Besar Partindo minta diwartakan sebagai berikoet:

Salam dan Bahagia.

Dengan ini kami, Pengoeroes Besar Partindo, memberitahoekan bahwa jang seperti telah kami oemoemkan, jang dipilih dengan djalan referendum oentoek doedoek dalam Pimpinan Harian P. B. baroe jalah toean-toean Mohammad Sidik Djojosoekarto, Slamet dan Soediro, dengan taoean Sidik Djojosoekarto sebagai ketoeanja.

Berhoeboeng dengan halangan di pihak toean Sidik Djojosoekarto oentoek mendjadi Ketoea P.B. baroe, maka sebagai penggantinja telah kami tetapkan toean Soediro.

Adapoen soesoenan Pengoeroes Besar Baroe sekarang terdiri dari:

Toean Soediro Ketoea.
Toean Darmosastro Wakil Ketoea.
Toean Soetomo Penoelis (bekas Penoelis tjabang Semarang)
Toean Slamet Bendahari.
Toean Sidik Djojosoekarto Kommissaris.

Nama lain-lain anggota Pengoeroes Besar Baroe akan dioemoemkan sedikit hari lagi. Pimpinan Harian dari Party terdiri dari:

Toean Soediro Ketoea.
Toean Soetomo Penoelis.
Toean Slamet Bendahari.

Adres Pengoeroes Besar Baroe ja itoe per adres toean *Soediro. Kramat Gantoeng 62. Soerabaja.*

Tentang penjerahan pimpinan Partai dari tangan kami kepada P.B. baroe kami beritahoekan kepada segenap tjabang-tjabang Partindo, bahwa P.B. baroe akan mendjalankan pekerdjaannja moelai *tanggal 1 April 1935.* Moelai hari itoe maka segala oeroesan Partai haroes disampaikan kepada P.B. Baroe.

Tentang diri toean Soediro (Ketoea P.B. Baroe) kita semoea mengetahoei, jang saudara itoe adalah seorang Partindist jang tjakap dan oeloeng, penoeh kegembiraan bekerdja dan jang telah mempoenjai pengalaman banjak dalam pergerakan, sehingga kaoem Partindo dan rakjat Marhaen dengan hati jang aman dan dengan penoeh kepertjajaan dapat menjerahkan pimpinan Partai kepadanja.

Toean Soediro adalah tammatan sekolah A.M.S. afd. B. dan kemoedian menoentoet ilmoe hoekoem beberapa tahoen lamanja.

Waktoe ia masih menoentoet ilmoe terseboet di Djakarta, ia soedah mengambil bagian jang aktief sekali dalam pergerakan Partindo.

Pada waktoe Partindo memboetoehkan tenaga jang tjakap oentoek membantoe pekerdjaan soedara Ir. Soekarno di Bandoeng (pekerdjaan Partindo dan redaksi madjallah „Fikiran Rakjat"), maka sdr. Soediro jang terpilih oentoek mendjalankan pekerdjaan itoe.

Di Bandoeng ia telah memboektikan ketjakapannja sebagai organisator Partai dan sebagai pengemoedi madjallah terseboet. Disana ia telah memegang djabatan Ketoea tjabang Bandoeng, Ketoea Madjelis Daerah Djawa Tengah A dan Ketoea dari beberapa perhimpoenan sekerdja.

Selain di kalangan politiek sdr. Soediro telah memboektikan ketjakapannja di lapangan pergoeroean.

Ia adalah salah satoenja tiang dan penjoesoen „Pergoeroean Rakjat" di Bandoeng, di mana sdr. Soediro djoega telah memberikan pengadjaran.

Pada waktoe madjallah „Berdjoang" memboetoehkan pimpinan madjallah itoe berhoeboeng dengan ditangkapnja redaktoer „Berdjoang" ja itoe sdr. Arwono maka sdr. Soediro jang diminta oentoek memimpin madjallah itoe bersama-sama dengan sdr. Pamoedji.

Dibawah pimpinan sdr. Soediro telah memboektikan poela ketjakapannja. Sebeloem ia menjeboerkan diri dalam kalangan politiek, sdr. Soediro telah *bekerdja* aktief oentoek kemadjoean pergerakan pemoeda.

Mengingat akan semoeanja ini, maka kita kaoem Partindo dan rakjat Marhaen Indonesia haroes bergirang dan berbesar hati, jang Pengoeroes Besar baroe berada dalam pimpinan seorang pemimpin sebagai sdr. Soediro itoe.

Sebeloem kami menoetoep soerat ini, kami segenap Pengoeroes Besar mengoetjapkan selamat dan bahagia kepada Pengoeroes Besar Baroe, dan kepada segenap tjabang-tjabang, madjelis-madjelis daerah dan laen-laen badan Partindo serta kepada segenap kaoem Partindist kami mengoetjapkan dipenbanjak terima kasih atas kepertjajaan sdr.-sdr. sekali an kepada kami dan atas segala bantoean jang kami terima selama kami memegang pimpinan Partai.

Kami pertjaja jang sdr.-sdr. sekalian akan memberikan kepertjajaan dan bantoean sepenoehnja kepada Pengoeroes Besar Baroe, seperti sdr.-sdr. telah berikan kepada kami dalam waktoe jang laloe.

Atas nama Pengoeroes
Besar Partindo,
*SARTONO*
Ketoea.
*S. EFFENDI*
Penoelis.

Bogor, 22 Maart 1935.

P.S. Soerat-soerat kabar jang beloem memoeat pekabaran diatas, diharap soeka mengoetipnja.

## Kawarasan

### Ti Doenja-palatjoeran III.

Bengang koe: Toenggara.

Bengang teh datangna nja ti doenja palatjoeran keneh. Soepaja tetela, hade moen diterangkeun heula saeutik tina hal kaajaanana rarangan pameget.

Rarangan oemat Islam mah di potong (disoenatan) (teu sadajana! Red.); tetela aloesna teh, lain ngandoeng harti moen djelema geus disoenatan geus asoep Islam, tapi aloes baheula tjeuk babad di nagara Arab oesoem sasalad sampar, anoe disoenatan mah rada koerang terapna eta panjakit, lantaran bisa beresih salawasna, teu katoetoepan koe kokotjopna, teu tjara noe koelkep, hese beresihna lantaran kokotor teh na rapel dina sisina tea.

Rarangan teh sabangsa sepier noe bisa meral ngagedean djeung ngaleutikan, moeroengkoet djeung mandjangan.

Sadjaba ti kitoe, ngabogaan liang pikeun djalan tjikahampangan. Ieu liang teh brasna kana kekempis djeung aja deui noe teroes kana siki rarangan. Liangna teh dilapis koe koelit noe ipis pisan.

Tah panjakit bengang teh mimitina, lamoen oerang tas tjampoer sare djeung awewe noe geus ngandoeng bibit panjakit bengang, kira-kira tiloe poë, ka rasana lamoen kiih teh panas djeung. koe oerang panganggoeran dipentjet, tangtoe aja nanah bidjil; tah nja dina nanah pisan ajana bibit panjakit bengang teh, malah lamoen dikeker tangtoe katembong koetoe koetoena baroeleud banggoenna.

Ieu bibit bengang teh leutik pisan bisa katembong soteh lamoen dikeker tea digekekeun nepi ka sareboe kali, parandene kitoe masih keneh bae leutik.

Ieu bibit bengang teh ngaroeksak kana koelit noe ipis noe aja dina liang rarangan tea, nimboelkeun bisoel-bisoel noe leutik, merentis dina liang. Biasana noe noe katerap teh ngan bagian liang noe beulah hareup bae, tapi bisa oge teroes kana liang noe beulah toekang Komo lamoen oerang salah ngoebaran, oepamana ngagoenakeun oebar kompa, toeloej salah makena, eta matak soesah pisan njadjadikeun panjakit sedjen, nja eta dina kekempis djeung dina sisina tea.

Lamoen eta bibit bengang asoep kana siki rarangan, rarangan teh djadi bareuh, njeri, djeung awak oerang ngarasa panas, lantaran ajana peperangan dina eta tempat antara bibit panjakit djeung kakoeatan badan.

(Aos Sipatahoenan noe ngamoeat bab „Vaccin")

Eta nanah teh, gede bahajana, lamoen oerang koerang taliti ngoeroesna mah bisa tepa ka noe sedjen. Tjeuk oerang mah magar sajoe, padahal eta teh lain kitoe, bibit panjakit bengangna noe djahat.

Bisa nepaan ka batoer oepamana lantaran oerang sapake, oepamana tjalana. Tah dina tjalana teh tangtoe geus aja eta bibit panjakit, heug koe oerang noe teu boga panjakit bengang dipake, tangtoe oerang bisa katoelaran koe eta panjakit tea, atawa lamoen oerang dioek dina oeroet noe boga panjakit, lamoen kabeneran eta noe boga panjakit bengang tea nanahna ngoetjoer heug napel kana bangkoe.

Bisa nepaan ka boedak, lamoen noe boga panjakit tea ngahadja mangkoe boedak, toeloej ningalkeun panjakit, sok komo ka boedak awewe mah, gampang pisan manan boedak lalaki.

Ka awewe, oepamana ka pamadjikan, anoe tangtoe tea ieu mah, lantaran sakoemaha di loehoer (bagian ka 1) geus diterangkeun jen awewe teh minangka wadahna.

Kitoe tah panjakit bengang teh, bisa pindah ka noe sedjen.

Lain woengkoel ka batoer, tapi ka dirina sorangan bisa tepa ka bagian

a. Kekempis.
b. Siki rarangan.
c. Panon.

Gede bahajana moen oerang bengang teh, malah lamoen geus keuna bareuh siki rarangan (opi dodimitis), lamoen oerang hajang boga toeroenan teh soesah, lantaran zat noe baris djadi anak (sperma) hapa, diroeksak koe bibit bengang tea.

Geuning loba bangsa oerang noe gaboeg teu boga anak, eta teh nja eta kitoe, dilantarankeun sala sahidji noe boga panjakit bengang tea, boh di awewe boh di lalaki.

Di dieu perloe oge diterangkeun saeutik bab toembalna, panghadena oerang teh koe loe loba nginoem, ngarah si kotoran tea kabawa koe tjikahampangan.

Koembah leungeun oerang lamoen tas njabak rarangan noe aja nanahan, bisi tepa kana panon, sabab lamoen tepa kana panon babari pisan djadina, malah mah pisa nepi ka lolong (kapajoen baris diterangkeun).

Koedoe sering dikoembah nanahna teh, oelah sina ka ngalambarah, lantaran matak tepa ka batoer tea, ongkoh deui ngarah teu kaambeu.

## Kroniek Doenja

### Rantjangan geusan njegah pa nganggoeran

Amerika rek ngaleungitkeun doeit toendjangan

Amerika Sarikat dina waktoe waktoe ieu moen teu salah ngabogaan 20 millioen oerang kaom panganggoeran noe perloe meunang toendjangan ti nagara.

Lamoen koe oerang diitoeng dina sapowena saoerang meunang toendjangan saroepia, dina sapewe oge pamarentah geus koedoe ngaloearkeun 20.000.000 roepia. Tetela geuning lain saeutik-eutik doeit noe dipake moeroehan nganggoer koe Amerika teh.

„Eta doeit noe dipake teroes teroesan toendjang kaom pangang goeran teh." saoer president Roosevel, „estoe teu matak ngadatangkeun hasil, noe poegoeh mah matak nimboelkeun lembekna djelema bae."

Koe sabab eta koe andjeunna nja diakalan, sangkan bisa ngaleungitkeun doeit toendjangan ti nagara ka kaom nganggoer. Ti dinja andjeunna ngadamel rantjangan rek mere pagawean ka kaom nganggoer, noe bahroetengna teu koerang ti 4880 millioen dollar.

Waktoe Senator Alva B.Adams wakil Democrat ti Colorodo ngoelik hal ieu, geus ngedalkeun kieu: „Ieu rantjangan teh kaasoep hidji rantjangan wet noe ongkosna panggede-gedena noeroetkeun sadjarah mah".

Tadi di loehoer geus diseboetkeun, jen lobana djoemblah-djambleh kaoem nganggoer aja 20 milioen djiwa.

Ieu hartina ngoeroeng kaom lalaki awewe djeung boedak. Oepama aja janoe bisa mindahkeun maranehna ka tempat-tempat noe masih sangar di bawahan-bawahan Amerika, sarta di dinia diroepakeun kota, tangtoe bakal ngabangoen kota noe gedena ti loe-tikeleun ti kota New York. Nja kitoe deui eta kota bakal ngabogaan pangeusina djoemblah na saparona tina djoemblah pangeusi Italie atawa doea-pertiloe na ti saantero pangeusi Spanje atawa, meh sapergenepna tina djoemblah pangeusi Amerika-Sarikat.

Kira-kira sabagian ti noe 20 millioen oerang noe meunang toendjangan tina doeit fonds, hiroepna geus ditoendjang koe roepa doeit, pakean, areng djeung lian-lianna. Sabagian deui meunangna bantoean teh koe roepa doeit noe angger nampana saban boelan.

Babakoena eta kaoem ngang goer, dilantarankeun koe leungitna pagawean sabab crisis.

Koe pamarentah Amerika Sarikat ajeuna geus karasa jen atoeran saroepa kitoe teh henteu ngeunah karasana sakitoe lilana meh teu aja kaboeboektianana, noe poegoeh mah kalah ka nambahan kabeubeurat bae.

Koe president Roosevelt, dina biantarana dina Congres tanggal 4 Januari n.a.k. ieu kateungeunahan teh koengsi dikedalkeun. Kieu saoerna:

„Mere sokongan satjara ajeuna, teu beda djeung mere tjandoe, noe laoen-laoen matak nimboelkeun kalemahan kana soemanget manoesa.

Djelema-djelema perloe disina digawe satoengtoeng bisa toer mampoeh ngadjalankeun pagawean.

„Sim koering teu werat, nendjo karepna bangsa sim koering sorangan mingkin ngoerangan, dilantarankeun koe kangeungeunahan dibere doeit, dahareun atawa ngan dibere pagawean sawatara djam lilana dina sadjero saminggoe djepoet. Toer pagaweanana teh kitoe bae, ngaritan djoedjoekoetan, njapoekeun kalakaj-kalakaj djeung motongan kertas di park-park oemoem."

Sabalikna tina mere soembangan doeit djeung pagawean noe satengah-satengah, president Roosevelt moerstel, soepaja nagara ngadjalankeun hidji program ma publieke werken noe saloeasloeasna. Oepamana bae koe nganganti imah-imah noe geus kotor (heubeul) koe imah-imah noe raresik, wareuteuh. Nja kitoe deui pagawean ngagarap leuweung leuweung, pagawean njieun djalan djeung sadjabana noe sakira bisa dipigawe koe kaom pangang goeran tea.

Noeroetkeun anggapanana president Roosevelt, kaom nganggoer noe 20.000.000 oerang teh, noe meunang toendjangan tina doeit fonds, sarta kaitoeng oge awewe-awewe djeung bararoedakna, bisa ditoeloeng tina gadjih-gadjihna 5.000.000 djelema noe masih digarawe keneh.

Henteu kabeh bisa diseboet nganggoer diantara kaom ngang goer noe 20.000.000 oerang teh, tapi ngan beunang diseboetkeun aja 5.000.000 bae.

Tapi tjilaka deui, diantara noe 5.000.000 oerang oge, noe 1.500 000 mah diantarana teu bisa digawekeun.

Maranehna teh, saoer president, nja eta djelema-djelema noe dilantarankeun koe sala sahidji sabab itoe djenng ieu nepi ka henteu bisa digawe sorangan geusan ngadjalankeun kahiroepanana."

Samemehna maleseu, meranehna dioeroes koe pagoejoeban-pagoejoeban amal ti kalangan partikoelir. Nja kapaksa maranehana mah teroes koedoe dioeroesan bae sateroesna oge

Koe sabab eta, atoeh di antara noe 5.000.000 oerang teh. tinggal 3.500.000oerang noe bisa digawekeun mah.

Tah koe pamaksoedanana president Roosevelt eta djelema noe $3^1/_2$ malioen tea bakal digawekeun noeroetkeun sakoemaha programmana publieke werken.

Tiap-tiap sirah dipoekoel ratana bakal meunang bajaran kira kira 50 dollar saboelan.

Mimitina mah koe president Roosevelt ngan dibagroeteng 400 millioen dollar pikeun eta kaperloean teh, tapi kabehdieunakeun koe Kamer Oetoesan ditambah djoemblahna djadi 880 millioen dollar.

Waktoe anjaran eta rantjangan wet Roosevelt dipadjoekeun ti sababaraha pihak di Kamer Pawakilan meunang bantahan noe lain loemajan. Tapi saenggeusna ... boeroeng ditarima ... noe panglobana, nja eta 329 ngalawan 78 soeara.

Minangka hidji hal noe pangpentingna, noe patali djeung eta rantjangan wet, nja eta hal mere kakawasaan ka president Roosevelt noe sapinoeh-pinoehna, pikeun ngagoenakeun saantero djoemblahna doeit noe sakitoe gedena, dipasrahkeun ka andjeunna.

Koe oerang bisa kawangwang sakoemaha gedena kapertjajaan ka eta president.

Noeroetkeun kabar Aneta kamari ieu ti Washington, geus ngan jatakeun, jen Senaat oge narima kana eta rantjangan, sarta kalawan 68 ngalawan 16 soeara.

Ieu kaoenggoelan noe sakitoe gedena teh, geus tembong deui bae ka oerang, jen president Roosevelt teh henteu saeutik djasana enggoning merangan panganggoeran di Amerika-sarikat.

Pon kitoe deui, henteu beunang diseboetkeun saeutik panoendjangna ti pihak-pihak sedjen oge (Sg. P.)


**DOKTER**
**H. Heerdjan**

Simpangan Tjitjendo — Kebon Kawoeng — Telefoon 780

Saban dinten nampi noe bade lalandong
Endjing ti taboeh 7 doegi ka taboeh 9.½ sareng
Siang „ „ 9 „ „ „ 6.

**Dokter SOENARIO SARWONO**
REGENTSWEG 15 — TELF. 996 — BANDOENG

Sanggem ngalandongan sanes-kanten panjawat, maradiian sareng ngoeroes noe babar, njepitan moerangkalih.

Waktosna nampi tamoe: 7 — 9 endjing², 4.30 — 6 sonten

Dinten Minggoe sareng ndinten noe di moeljakeun noemoetkeun perdjangdjian. Kenging disaoer wajah koemaha bae ka boemi.

**Kawadjiban noe djanten Iboe.**
Ngoeroes roemah tangga sareng ngadjagi moerangkalih.




Kana padamelan noe kasebat di loehoer teu kenging disebat enteng.
Tapi padamelan anoe karaosna beurat kenging didamel hampang koe kamandjoeranana.

**Hiu Ngi Fen's**
**ANGGOER TJAP BOELAN**

Eta Anggoer teu aja deui lalawanana kangge:

NGIATKEN KANA SALIRA
NAMBIHAN TJAI PINAREUP
NGITJALKEUN SALIRA POETJET.
NAMBIHAN KANA NAPSOE DIDAMEL
TJOTJOG KANA WAKTOSNA ROESEBAN.

Di Bandoeng tiasa kenging ti:
Tiong Hoa Hokien Yok Pang, Djin Sioe Tong, Sin Ho Hin, Eng Seng Ho, Han Choon Tong, Tji Ho Tong, Ban Ka Tjoen, Khin Hin.

Hoofd depot:
HIU NGI FEN'S TRADING COMPANY
Kesawan No. 50 — MEDAN — Post Box 14

No. rg. 900 Avd. 1121

**—: DJAMAN MALAISE :—**

Dina waktos noe sakieu sesahna sadajana oge tangtos palaj ngagaleuh *PARABOT LISTRIK* teh anoe *MIRAH, SAE,* toer *KIAT* dianggona, sanes?

Oepami jaktos kitoe, oelah lali memeh angkat ka toko sanes teh, ngemping heula ka *TOKO PRIBADOS.*

Sajagi roepi-roepi *PARABOT LISTRIK,* sapertos: lampoe-lampoe listrik, kap-kap lampoe tina glas nganggo kembang-kembang laloetjoe pisan, istrikaan listrik ti 150—350 watt, pamasakan listrik ti 250—450 watt, roepi-roepi *PARABOT RADIO* s.d.t., pangaos langkoeng mirah ti sanes-sanes toko.

Oge njewakeun lampoe-lampoe listrik katoet masangna kanggo dina hadjat (pesta), tampi beres ditanggel ngabingahkeun, pangaos badanten.

*Hormatna,*
**TOKO WIKARTA**
Groote Postweg Oost 142 — (Ketapang) Bandoeng.



Salasawios parabot roemah tangga noe modern, nja eta mesin kapoet listrik merk

**„PERKOETOET".**

Sae sareng rapih boeatanana, nanging teu langkoeng awis ti mesin noe sanes.

**Atoeran majarna gampil pisan!!**

**Compleet nganggo motor sareng**

**lampoe moeng**

**f 135.-**

Importeur H. HOOGE

Logeweg no. 7 Telef. 1912 Bd.



# Crisis djeung koemaha ngahadeanana?

*(Angen - angenna salah-sahidji President-Commissaris ti bank anoe gede).*

Henteu beunang dipoengkir deui jen kaajaan di sakoeliah doenja ajeuna keur nandangan crisis anoe pohara hebatna.

Kaajaan economie, anoe katjida moendoerna ajeuna beuki pohara. Hal teu koedoe ditarekahan. Roepa-roepa tarekah anoe geus didjalankeun teu aja mangpaatna. Kaajaan anoe kieu soepaja bisa hade deui koedoe dikoemahakeun??

Di dieu oerang berendelkeun adviesna President-Commissasis ti Chase Nationale Bank di New York. Pikiranana pepentol (kokodjo) ti Bank anoe panggedena di America bisa oge matak (djadi) mangpaat, sabab toean Aldrich geus nebongkeun ka eerlijkanana, saperti djelema loehoeng.

Dina waktoe boekaan senaats Commissie anoe pangpandeurina, toean Aldrich sasaoeran, jen oerang bisa ngahadean kasalahan teh, koedoe ditjoektjroek heula, di mana ajana kalasahan djeung naon lantaranana. Andjeunna geus noelis tina kagantjanganana doenja, ari pangpangna mah di America ka oemoem. Lantaranana tjenah kieu.

1. Kalawan kajakinan, America geus ngarobah kaajaan Internationaal debiteur koe Internationaal crediteur:

2. Koe ajana Internationale gouvernementsschulden (hoetang nagara2), anoe dilantarankeun koe perang doenja 1914 '18.

Ieu djadi pertanjaan di oenggal oenggal nagara.

3. Koe politiek tina kaajaan tarief loehoer (z.g. „Beschermingstarieven," anoe dimimitian koe America dina taoen 1922).

4. Koe lantaran rentestandaard handap teuing djeung koe teroes teroesanana ngalobaan handelscredieten ti mimiti Juni 1922 nepi ka Januari 1958.

5. Koe ngalobakeun barang ti roean (kunstmatig) djeung harga-na tetep.

6. Koe kaajaan politiek nga moemoerah doeit, anoe diajakeun koe Engeland djeung America, anoe dilantarankeunana samenwerking Bank Inggris djeung Federale Reserve Bank di New York.

7. Koe ngaganti z.g. goudswisselkoers koe goudsvoorraden di centrale banken, anoe dimimitian dina taoen 1926.

8 Ngaleungitkeun goudkoers anoe ngalantarankeun tina hal ieu, dina taoen 1931.

9. Ngeureunan samenwerking diantara centrale banken di sakoeliah nagara (doenja).

10. Ngareuwaskeun tina kaajaan Internationaal tina hal netepkeun harga-harga anoe dimimitian dina taoen 1931, anoe henteu njoegemakeun djeung teroes-teroesan nambahanana.

11. Njieunan barang djeung ngadjoeal henteu saroea, anoe pangpangna dina perdagangan Internationaal.

Ngomeanana Crisis - doenja teh tjeuk toean Aldrich mah noe roetkeun lantaranana anoe kasebat di loehoer kieu:

1. Koedoe dibereskeun regeling ti intergeallieerde schulden.

2. Koedoe gantjang tarief - tarief internationaal ditoeroenkeun djeung beja beja perdagangan koerangan atawa leungitkeun.

3. Ngadjalankeun politiek keur memeres Crisis - cridieten koe pertoeloengan perdagangan soepaja bisa lakoe, tapi koedoe di tengetkeun oelah ngalobaan teuing hoetang - pihoetang.

4. Mere kalonggaran Crediet anoe enteng koe hijpotheken keur toekang tani.

5. Nalingakeun anoe baroga hoetang soepaja moraal perdagangan henteu moendoer djeung mere kalonggaranmere n indjeum doeit ka djalma anoe bakal bisa majar. Ieu koedoe diichtiaran sabab noe sedjenna mah henteu bisa njoemponan. Lamoen nagara nagara noe galede henteu malajar, koemaha toekang tani laleutik bisa oge majar?

6. Ngaloearkeun noodcredieten soepaja barang anoe aja harg ana bisa dikaloearkeun make harga moerah.

7. Netepkeun financieele politiek anoe gezond soepaja kapertjajaan ka pamarentah bisa dihadean.

8 Doeit oelah ditjampoer koe logam anoe koerang pangadjina.

9 Belasting-belasting koedoe ditoetoepan (oelah tekort.) Hoetang-hoetang anoe keur kaperloean ditoetoepna koe extra belasting. koe rente anoe koedoe di bajar.

Kana pamandanganana toean Aldrich oerang bisa satoedjoe atawa henteu. Tjeuk andjeunna ngahadeanana perdagangan Internationaal oelah make beja. Koe ljalan ieu kaajaan economie di sakoeliah doenja bisa gezon deui. Tjeuk toean Aldrich economie bisa sehat njaeta koedoe njingkahan:

1 Doeit kertas anoe teu beunang ditoekeurkeun teroes-teroes didjalankeun.

2 Panoetoepan—emas ditoeroenkeun atawa doeit perak loba teuing tjampoeranana djeung lian anoe koerang pangadjina.

3 Naekeun credieten, nepi ka bahaja keur wisselkoers.

Bisa djadi toean Aldrich teh bener, sabab langka djelema anoe njekel djangdji (kanistian), tina hal financieel.

Ngaleuwihan hoetang anoe teu dibajar moal aja toeloengna dina hiroep koemboeh.

Crisis bisa tjageur oepama sakabeh djelema oelah ngagedekeun kana ngandjoek djeung hoetang anoe heubeul koedoe dibajar.

—(M

## Nobelprijs oentoek Damai.

*Boeat tahoen 1933 dan 1934 diberi pada doea pengandjoer kaoem boeroeh Inggris.*

*(Ti Persdienst S.D.A.P. keur Sipatahoenan).*

Telah makloem pada pembatja, bahwa Nobelprijs boeat 1934 telah di dapat oleh Henderson djempolan social-demokrat Inggeris, jang mendjadi voorzitter dari Komperensi Perloetjoetan Sendjata. Nobelprijs boeat tahoen 1933, jang pada tahoen itoe tidak soedah diberi sekarang didapat oleh Sir Norman Angell, penoelis dari kitab damai jang amat terkenal, jaitoe: „The great Illusion". Boekoe ini ditoelisnja ditahoen 1910, maka begitoe besar kemasjhoeran boekoe itoe, hingga dengan lekas ia disalin kedalam 25 bahasa. Di dalam boekoe itoe ia menerangkan pendirian-nja, bahwa didalam soeatoe peperangan pada zaman sekarang tak dapat ditentoekan lagi pehak mana jang kalah dan mana jang menang. Doea-doea pehak akan mendapat keroegian jang amat besar, dus sebenarnja kedoeanja kalah. Pendirian ini, jang telah dikemoekakan oleh Norman Angell pada tahoen 1910, dus didepan perang besar, telah dibenarkan oleh keadaan-keadaan jang kami dapat alami sesoedahnja perang besar itoe.

Pemandangan orang terhadap hal ini telah dikeroehkan oleh kaboet perasaan-perasaan traditie jang salah (traditioneele vooroordelen), jang djoega telah mengeroehkan pikiran oentoek damai dari banjak kaoem politik jang berpengaroeh.

Hanja amat sedikit orang jang mempoenja ketadjaman pikiran dan keberanian tjoekoep, boeat membawa terang didalam kaboet tjelaka itoe. Sir Norman Angell adalah seorang jang paling tjakap berani didalam hal itoe. Orang tak perloe heran, jang pahlawan perdamaian ini mendapat Nobelprijs, jang tak diberi ditahoen 1933.

Bagi kaom boeroeh social-demokrat, jang dari doeloe selaloe bekerdja oentoek damai, maka pemberian Nobelprijs oentoek damai kepada Norman Angell dan Henderson adalah soeatoe pengakoean terhadap pekerdjaan jang moelia oentoek perdamaian.

Sir Norman Angell perna mendjadi oetoesan dari Labourparty (partai social-demokrat Inggeris) didalam Parlement, tapi waktoe kekalahan besar dari partai itoe didalam pemilihan oentoek Parlement jang paling achir, maka Norman Angell tidak dipilih lagi. (Makloem pada pembatja, bahwa kekalahan besar ini, jang teroetama disebabkan oleh penarikan diri Mac Donald dari partai itoe oentoek mendjadi premier dari pemerintah jang diseboet nasional, sekarang telah berpoetar mendjadi keoentoengan besar bagi partai social-demokrat, seperti jang telah diboektikan oleh beberapa tussentijdse verkiezingen, dan pemilihan hamita dan provincie).

Arthur Henderson ialah seorang social-demokrat jang amat terkenal. Pekerdjaannja sebagai secretaris-penningmeester dari partai social-demokrat Inggeris, baroe-baroe ia haroes melepaskan, karena pekerdjaannja sebagai voorzitter dari Komperensi Perloetjoetan Sendjata menoentoet segala tenaga bekerdjanja Henderson hendak mempergoenakan sisah hidoepnja oentoek meneboet perdamaian. Memang soekar kami membajangkan seorang jang sebegitoe tjakap sebagai Henderson oentoek mendjadi voorzitter dari Komperensi Perloetjoetan Sendjata. Djikalau betoel kepertjajaan bisa menjorong goenoeng, maka itoe bisa di bilang dari Henderson.

Didalam Komperensi Perloetjoetan Sendjata, tak berhenti ia mengembangkan kemaoean oentoek mendapat hatsil, tak berhenti ia memperkoeatkan kemaoean itoe didalam mereka jang telah hilang pangharapan, kerap kali dengan mengherankan hampir senap doenja.

Dan biarpoen pada ketika ini, Henderson sendiri terpaksa mengakoe, bahwa sekarang tak dapat diharapkan soeatoe perdjandjian oemoem oentoek mengoerangkan persendjataan toch Henderson tidak doedoek moeroeng sadja tapi tetap bekerdja teroes kendatipoen sekarang hanja membetoelkan kesalahan-kesalahan jang disebabkan oleh beberapa pihak jang bersangkoet. Maksoednja jang soetji, ia tidak melepaskan biarpoen semenit sadja.

Samentara ia menoenggoekan perbandingan-perbandingan jang lebih baik antara negeri-negeri besar di Europah dan antara negeri-negeri keliling Laoetan Tedoeh, maka ia memporstelkan pemeriksaan pemboeatan dan perdagangan sendjata perang dan munitie, persamaan bangoennja dan pengoemoeman segala begrooting militer, mendirikan soeatoe commissie internasional jang tetap, jang haroes mengawasi segala perdjandjian perdjandjian sendjata jang akan diadakan.

Tidak sedikit orang, jang dengan soesah hati telah bilang harap, jang tak mengharapkan apa-apa lagi dari pekerdjaan oentoek perloetjoetan sendjata dan melihat dengan perasaan fatalisme pada perloembaan persendjataan jang poela telah dimoelaikan, sekarang mandapat pengharapan baroe oleh tjontohnja Henderson dan bersedia poela oentoek berdjoang bersama-sama dengan Henderson boeat mengekang nagа perang jang mengantjam doenja ini.

Mereka jang menoenggoei ketika ini, oentoek menghormati social-demokrat Henderson ini dengan Nobelprijs oentoek damai telah memboeat soeatoe pekerdjaan jang amat besar artinja terhadap pada tjita tjita manoesia oentoek perdamian. Nobelprijs itoe, adalah djoega soeatoe kenjataan dari terima kasi berjoeta joeta orang disegenap doenja, karena tatkala hampir soemoea orang telah poetoes pengharapannja, maka Henderson tinggal tegap dan keras hati dan dapat mengkobarkan poela api pengharapan.

Henderson adalah soeatoe tjontoh dari kekoeasaan jang baik, jang dapat dipergoenakan oleh orang-orang jang koeat, didalam keadaan keadaan baroe didalam politik internasional.

Henderson ialah satoe - satoe kaoem politik berpengaroeh tapi jang sajang hanja sedikit, jang dengan hati toeloes hendak mempergoenakan Volkenbond sebagai pemboeka djalan jang menoedjoe kezaman baroe didalam riwajat doenja.

Selama Henderson beloem poetoes pengharapan, selama Henderson masih sedia bekerdja oentoek perdamaian, haroeslah kami djoega sedia menjokong pekerdjaannja, jang pada zaman ini boleh diseboet soeatoe pekerdjaan jang paling penting.

Amsterdam 9—1—'35.

—Perloe—

Ketoe Oedeng

— Batik —

Poleng Plekat

Sloffen — — Sandal Taroempah

?

Djamoe Djawa tjampoer — Sari —

" Sportman — Tablet"

11

Ketoe Oedeng Makerij— Noord pasarstraat Bandoeng

**E. M. MOECHTAR**

**KININE NJEGAH PANJAWAT GRIEP SARENG INFLUENZA**

**Toeang dina sadinten: 1 TABLET**

**Tiasa kenging di waroeng-waroeng**

Tjonto à 100 tablet noe 0.2 gram BISULFAS CHININI atanapi HYDROCHLORAS CHININI (ZOUTZURE KININE) nganggo atoeranana noeang, dikintoen franco ti saparantosna nampi postwissel f 1.— atanapi f 1.20, ka:

**N. V. BANDOENGSCHE KININEFABRIEK**

# Comité Congres

## „Pagoejoeban Pasoendan" ka XX

## sareng Congres Pasoendan Istri ka IV

## DI BANDOENG

*PING 18, 19, 20, 21 APRIL '35.*

*A. CENTRAAL-COMITE:*

Djoeragan-djoeragan Dr. Djoendjoenan — A.Atma di Nata Sadikin — Mevr. Dr. H. Heerdjan — Mevr. Moeh. Enoch — Mevr. Joejoe Koento sareng Mevr. Dr. Slamet.
1. Djoeragan Djoendjoenan — Voorzitter.
2. Djoeragan A.Atma di Nata — Secretaris.

*B. COMITE VAN ONTVANGST EN HUISVESTING:*

Djoeragan-djoeragan Sadikin — King Natawijogja — Soedjono — Koerdi — Dedeng — H. Wirasasmita — Djajaprawira — Mej. Djoehraeni — Mej. Enoeng — Mevr. Karno — Mevr. Kartabrata — Karno — Atikah — Prawiraamidjaja — Iskandar — Rais sareng Mevr. Dr. W. Leimina.
1. Djoeragan Sadikin — Voorzitter.
2. Djoeragan Dedeng — Secretaris.
3. Djoeragan Mej. Enoeng — Pembantoe ti istri.

*C. COMMISSIE VAN FINANCIEN:*

Djoeragan-djoeragan Wiraatmadja — Djajaatmadja — Mevrouw Emoer sareng Basoeni.
1. Djoeragan Wiriaatmadja — Voorzitter.
2. Djoeragan Basoeni — Secretaris.

*D. COMMISSIE VAN VERGADERINGEN EN GEBOUWEN:*

Djoeragan-djoeragan Soedjono — Koesoemah — Bakri Soeraatmadja (? Red. Sip.) — Kartaatmadja — Roemsari — H. Wirasasmita — Anggabrata — Samli — Djalil — Lengkana — E. Ardimihardja — Mevr. Dr. H. Heerdjan — Mevr. Soetjipto — Mevr. Emoer — Mevr. Eroh — Mevr. Biangsih — Mevr. Amah sareng Mej. Soehariah.
1. Djoeragan Soedjono — Voorzitter.
2. Djoeragan Koesoemah — Secretaris.

*E. COMMISSIE VAN REDACTIE:*

Djoeragan-djoeragan E. Abdoellah — K. Natawidjaja — E. Ardimihardja — Said — Iman — Okeh Natasasmita — Tjatja — Iwa Parma — Oe. Kartasasmita — Amir — S. Goenoeng — Padma — Ii Wi..amihardja sareng ti Sipatahoenan (? Red. Sip.).
1. Djoeragan Djajaatmadja — Voorzitter.
2. Djoeragan Okeh Natasasmita — Secretaris.

*F. COMMISSIE VAN RECEPTIE:*

Djoeragan-djoeragan Dr.Djoendjoenan — A. Atma di Nata — Sadikin — H. Wirasasmita — Kartaatmadja — Sastradipoera — Wiraatmadja — Soedjono — Basoeni — Poeradiredja — Roemsari — Satari — Mevr. Dr. H. Heerdjan — Mevr. Dr. Djoendjoenan — Mevr. Lengkana — Mevr. Dr. W. Leimina — Mevr. Dr. Slamet sareng Mevr. Moeh. Enoch.

Bestuurna ngahidji sareng Comite van Ontvangst en Huisvesting.

*G. COMMISSIE KABOEDAJAN:*

Djoeragan-djoeragan Poeradiredja — Kd. Kartabrata — Djajaatmadja — Kartaatmadja — Sastraatmadja — Oding — A. Widaprawira — Oe. Tisnasapoetra — Emma Bratakoesoemah — Moeh. Ra'in sareng Iding.
1. Djoeragan Poeradiredja — Voorzitter.
2. Djoeragan A. Widaprawira — Secretaris.

*H. COMMISSIE TRACTATIE:*

Djoeragan-djoeragan Mevr. Dr. Djoendjoenan — Mevr. Dr. W. Leimina — Mevr. Dr. Slamet — Mevr. Mimik — Mevr. Halimah — Mevr. Kartabrata - djng.Mevr.Maskoen - Mevr Hardja — Mevr. Titi — Mevr. Oetari Wigena — Mevr. Saonah — Mevr. Atikah — Mevr. Karno — Mevr. H. Ranoewidjaja — Mevr. Memed — Mevr. Komoh — Mevr. Soeratmi — Mevr. Entjoer — Djajaprawira — Soedjono — Dedeng — Iman — Maliki Poerwana — Sahrip — Koerdi — Iwa Parma — Danabrata — Said — Djalil — Sanoesi sareng Iding.
1. Djoeragan Mevr. Kartabrata — Voorzitster.
2. Djoeragan Mevr. Dr. Djoendjoenan — Leidster.
3. Djoeragan Mevr. Halimah Poerwana — Penningmeesteres.
4. Mevr. Maskoen — Secretaresse.

*I. COMMISSIE TENTOONSTELLING:*

Djoeragan-djoeragan Mevr. Dr. H. Heerdjan — Mevr. Entjoer — Mevr. Emoer — Mevr. Lengka — Mevr. Soetjipto —Mej. Soekarijah — Mevr. Iroh, Mej. Enoeng sareng Mej. Djoehaerani.
1. Djoeragan Mevr. Dr. H. Heerdjan — Voorzitster.
2. Djoeragan Mevr. Entjoer — Secretaresse.
3. Djoeragan Mevr. Emoer — Leidster Vakschool Pasi Bandoeng.

*N.B. 1.Saha-saha noe hojong disajakigeun tempat koelem, pisaming goeeun deui kedah njeratan ka Djoeragan Sadikin, Kleine Lengkong 25 Bandoeng.*
*2. Bilih aja ti tjabang-tjabang Pasoendan noe bade njoembangan kamonesan (kaboedajaan) ti satempat - tempat pikeun „gezellige avond" ti ajeuna kedah njeratan ka Djoeragan Poeradiredja, Pasirkaliki 70 Bandoeng.*
*Diantos doegi ka tomperna sasih Maart 1935.*

BANDOENG, 16 Maart 1935.

Kalajan asmana Centraal Comité Congres Pasoendan ka XX, sareng Pasi ka IV.

De Secretaris,

*A. ATMA DI NATA.*

# Pasoendan!

**Tanah PASOENDAN! Oerang PASOENDAN! di poeseurna**

TANAH PASOENDAN (BANDOENG)

Atikanana oge tangtos kedah nganggo dadasar atikan KAPASOENDANAN.

Tah, sakola anoe njoemponan kana kapalaj teh manawi:

**H. I. S. PASOENDAN**

Poengkoerweg No. 12.

a. Basa Walanda ti voorklas keneh soemawonten di kl. 1 mah.
b. Lebet kana lijst sakola² anoe gadoeh hak kana atoeran kindertoelage.
c. Goeroena sadaja bevoegd.
d. Bajaranana mirah.
e. Kapalana djoeragan Karta Brata, moal aja noe bireuk.

Mangga lebetkeun poetra teh ka sakola „H. I. S. Pasoendan"

Nampi pimoerideun di oenggal-oenggal kelas.

**Bestruur Pagoejoeban „PASOENDAN" Tjabang**
Bandoeng.



## Tida 1 dalam 100

Ja, tida satoe dalem 100 orang taoe qualiteit barang bagimana ada jang baik. Dengan gampang pembeli bisa kadieblos.

Itoe bergantoeng sama sekali dari pendjoealnja. Dari itoe kaloe Djoeragan maoe pake barang, taoelah pada adres siapa Djoeragan moesti beli. Ja-itoe pada adres jang pegang tinggi nama tokonja, sebab adres jang soedah terkenah ada mendjadi satoe tanggoengan.

Terlebih-lebih kaloe Djoeragan membeli kain Batikan, Djoeragan misti pergi pada toko jang pegang Qualiteit. Dengen harga menjenangken toko **„De STIA"** Pangeran Soemedangweg Bd.

Sedia roepa² kain Batikan Tenoenan petji dan ketoeoedeng. 14

N. B. Berlangganan sama kita berarti Berhemat.



## HINDOE TABIB T. Mohamad

Katja² Wetan (pajoeneun Pasar Kosambi No. 218) Bandoeng

ARTOS TIASA WANGSOEL DEUI, MOEN PANJAKIT TEU POELIH!

Specialist kangge Peloeh (Impotentie) sareng pikeun Wasir (Ambeien).

No. 1 Peloeh (Impotentie), No. 2 Wasir (Ambeien), No. 3 Noe disebat Kentjing nanah (Genouria), No. 4 Pehong, sadaja ieu panjakit² noe geus kasebat koe pribados ditanggeltjageur dina 15 dinten bebas. Oepama njoledat artos wangsoel. Oge tiasa ngoebaran roepi-roepi panjakit, kajaning Kentjing manis, (rheumatiek) njeri linoe linoe (badan mati separo), njeri mata, Batoek ngekreh, atanapi batoek kering (Asthma), njari eungap. Nja kitoe deui panjakit „koneng" (kepoetihan) njeri hoentoe, Biri-biri djeung panjakit rodek d.s.t.

Istri-istri noe teu tiasa bobot sim koering tiasa ngoebaran.

Roemah obat sadidinten diboeka ti pk. 8 isoek nepi ka pk. 8 wengi. Obat-obat tiasa dikintoen koe rembours.

**WORLD PARADISE OIL** saroepi obat pelesir kangge pameget. Pangaos 5 gr. f 1.— anoe 10 gr. f 1.75.

Bykantoor **M. H. A KHAN**
Handelsstraat 154 Buitenzorg

81



## JOODKALIPILLEN TJAP „B. K."

jang soedah termashoer bagi MEMBERSIHKEN DARAH SAKIT ENTJOK (rheumatiek) astma dan oerat² terasa kakoe (aderverkalking

Boleh dapet beli di saben toko² didalem pipah isi 20 pil, dengan atoeran memakannja

Monster dari 100 pil, dengan atoeran memakannja dikirim franeo diroemah setelah terima kiriman postwissel dari f 1.— kepada

**N.— V. BANDOENGSCHE KININEFABRIEK—**



## Toko „JONG JONG"

Pasar Baroe No. 71 Telef. 2138
Bandoeng.

**HARGA-HARGA:**

1 kati emping Blindjoe f 0.25, 1 kati emping Teke f 0.50 1 kati kroepoek oedang No. 1 f 0.55, 1 kati kroepoek oedang No. 2 f 0.30, 1 kati kenari Ambon f 0.50, 1 kati kenari ketjil f 0.30. 1 kati bidji djamboe Mede f 0,40.

Oge ngitjai koeweh-koeweh kering nganggo mantega 1 ons f 0,20 1 blek 5 pond Austral Boter f 1.25, 1 blek Cornet Beef f 0,15, 1 blek Sardentjis f 0,09, 1 blek Doperwaten f 0,25. 85



## OEBAR KOKOLOTEUN

Hidji oebar noe pangaloesna, sarta pangmatihna, keun ngoebaran sagala kasakit dina beungeut, njaeta anoe kaseboet kasakit kokoloteun.

Hargana 1 doos f 0.30.

**BEDAK RATOE**

Lemes djeung seungit.
Koewat, toer matak lemes kana koelit beungeut.
Harga sadoos f 0.15

Tiasa ngagaleuh di

## Apotheek EUREKA

Pasar-Baroe 19 Gr. postw. 64 (Sabeulahna Toko VISSER) BANDOENG

**DROGISTERIJ „LAWI"**
CHERIBON



**— INDAN KRUIDEN MEDICIJNEN —**

## MUSLIM TABIB A.B. YUNANI

Oude Kerkhofweg (Bantjeuj) 56, moeka Pasar Loak baroe, Bandoeng

**Specialist aambeien (wasir) ampotency (peloe onder operatie.**

Ditanggel 12 dinten tiasa sae, zonder operatie sareng zonder dibeuleum, sareng deui tiasa ngalandongan sagala roepi panjawat loear sareng dilebet, noe parantos lami atanapi teu atjan lami Sinarengan istri noe teu tiasa bobot, tiasa oge dilandongan soepados tiasa djadi bobot.

**World Paradise oil** 72

N.B. Sareng njajagikeun saroepi landong, kanggo pameget doepi pangaosna noe 5 gram f 1.— noe 10 gram f 1,75. poeder Hima. laja anggoeun para istri, pangaos 5 gram f 1.- anoe 10 gram f 1,75-
Landong-landong tiasa dikintoen Rembours.
DJAM BITJARA: Taboeh 8 siang dongkap ka taboeh 8 wengi.



PALAJ OENINGA

naon kapentingan dina Agama Islam?

Gampil langganan bae

## AL-MA WA 'IDZ

Serat kabar Agama Islam minggoean.

Alamat: MANONDJAJAWEG, TASIKMALAJA.



## „TOKO JAVA BAZAAR».

**Pasar Baroe 110 — Bandoeng.**

Toko nembe diboeka, anoe tangtos tea barang-barangna oge sadajana alanjar, sajagi roepi-roepi entjit Paris, Pijama, Trico wool 100%, kitoe deui koffer koelit, koffer beusi, Fibre, rantang, istrikaan sareng sadjabi ti eta, oge ngitjal badjoe wool istri, minjak seungit, djas hoedjan sareng ngitjalan barang-barang kolontong.

No. 99. *Hoermatna*



## — WASIR —

Kasehatan badan lebih berharga dari harta banda kita Djangan poetoes pengharepan, TABIB JACOB toch bisa toeloeng.

Pemberian tahoe!

Jang bertanda dibawah ini Tabib Jacob asal dari Hindoestan, tinggal di A.B.C.-straat 12A Bandoeng dengan ini menerangken bahwa ia bisa semboehken segala roepa penjakit dengan tida dipotong (operatie) saperti: Ambeien, Loempoeh, Bol, Asthma, Intjok Penjakit gindjel penjakit goela, Batoek, Radjasinga, Tuberculose t.b.c. Ezceem, (penjakit koreng, gatel en penjakit koelit segala roepa), prampoean jang tida membawa kotor atawa tida tjotjok atawa ada sakit atawa poetihan. Sakit prampoean kentjing nanah. Penjakit mata Lepra, Dysenterie dan semoea penjakit lainnja. Bisa didapet roepa² obat koeat boeat orang lelaki. Bisa semboehken segala roepa penjakit dari saja poenja obat jang terbikin dari akar², daon-daon dan boeah-boeah, sebab saja soedah bertahoen-tahoenan ada practyk, dan saja soeka dapet banjak soerat poedjian dari segala bangsa siapa soeka boleh dateng boeat saksiken sendiri, dan siapa soeka boleh panggil didalem atawa loear kota dan sanggoep mengirim Bestelgoed Rembours.

Memoedjiken dengen hormat, **TABIB JACOB**
A. B. C. straat 12A — Bandoeng — Telf. 1091
Filiaal: Groote Postweg No. 208 SOEKABOEMI.

AAMBEIEN — ASTHMA

TUBERCULOSE T. B. C.



## DRUK. TJAHJA-PASOENDAN

GROOTE-POSTWEG OOST 123 TEL. 1520 — BANDOENG

**FILIAAL:**

## DRUK. TJAHJA-PASOENDAN

PEKIRINGAN No. 88 — PASAR BALONG — CHERIBON

Nampi saniskanten kaperloean Drukwerk ngawitan ti formaat alit doegi ka noe pangageungna. Soemangga deugdeug!!!!! Koe djalan sakali ngadamel pertjobian tangtos:

**SOEGEMA! — POEAS! — BINGAH!**

Kasoegemaan, kapoeasan sareng kabingahan teh teu aja deui kadjabi ti kedah ngaboektoskeun soemping ka adres diloehoer.

**MOTTO** LEUWIH MAHAL PADAMELANANA TAPI LEUWIH MOERAH HARGANA



KANTOREN:

## R. Idih Prawira di Poetra

RECHTSKUNDIGE

Nampi padamelan ADVOCAAT EN PROCUREUR
Oeroesan: Civiel, Crimineel, sareng sadjabi ti eta

*Hoofdkantoor di Garoet:*
Regolweg No. 2
*Bijkantoor di Tasikmalaja*
H.A. Masdoeki, Djadjawajweg No. 4
*Bijkantoor di Bandoeng:*
G. Tjikapoendoeng 176/13C.



Anggo salamina:

SAPATOE
SELOP
TAROEMPAH
SANDAL

Kaloearan:

## Schoenwinkel „ARDJOENO"

Soeniaradjaweg 71 — BANDOENG


# Noe tiheula djeung noe Anjar

Koe: *J.W.*

**7**

„Emh Eneng." tjek koering, „teu njana teuing djoengdjoenan engkang. Kalepatan Eneng koe Engkang dihampoera pisan. Nanging handjakal noe taja wiwilanganana, ngahidji deui djadi batoer saimah teh moal laksana, lantaran engkang parantos nibankeun talak ka Eneng, malah serat talakna aja di rama.

Kanggo sawengineun ieu tiasa Eneng koelem di engkang. Nanging tangtos moal tiasa lami-lami, margi teu kakoeroeng koe tikah.

Ajeuna mah pondok djodo pandjang baraja bae. Endjing soeboeh waktos noe moestari kanggo Eneng angkat ka iboe-rama."

Manehna mani siga noe kapiohan barang koering njeboetkeun jen geus nibankeun talak teh.

Sanggeus disoegoeh dahar saperti ka tamoe, toeloej dipemahkeun di kamar hareup, paranti semah. Isoekna bral miang kalawan kasedihan noe taja bandingna, bakal pisah salalawasna.

Koe koering dibekelan f 10.— keur ongkos.

Waktoe kareta madjoe, koering ngan bisa njeboetkeun: „Wiloedjeng angkat, Neng!" Manehna teu kadenge nembalan, ngan ngangkat sirahna bari neuteup ka koering, toeloej njoeoeh kana djandela.

— — — — — — — — —

Beurang deui peuting deui, beurang kaganti koe peuting, peuting kaganti koe beurang, patjorok dina tempatna, toetoep minggoe beak boelan.

Katjaritakeun koering doedoedaan teh meunang doea taoen.

Sihoreng ari enggeus mah rarabi, hiroep njabeulah teh teu aja kaboengahan djeung kasenangan. Tapi ari rek boga deui pamadjikan, sok bangbaoengeun sieun kawas noe katoekang-toekang.

Dina hidji powe waktoe koering keur njaba djeung baroedak ka Aweh, hidji kampoeng peuntaseun Waloengan Tjioedjoeng, loeareun kota Rangkasbetoeng, keur ngeunah-ngeunah ngobrol djeung baroedak, kadenge aja anoe ngahariring di boeroean hidji imah, pokna:

Nelengnengkoeng - neleng nengkoeng,
geura gede geura djangkoeng,
geura makajakeun indoeng.
...............

Ditendjo koe koering, sihoreng boedak awewe keur kekedjoan.

Koering heran: „Ah pirakoe boedak sagede kitoe bisa ngahariringna, halimpoe, matak gantoeng denge."

Ari ditilikan teu djaoeh ti eta boedak, aja awewe keur ngais boedak leutik. Sihoreng teh eta geuning noe keur ngahariring mah, ngejong-ngejong boedak leutik tea.

Doeka koemaha, da henteu ari geulis mah, atoeh papakeanana oge henteu ari ginding mah, ngan oekoer beresih bae, tapi koering asa katarik.

Ti harita koering remen njesakeun waktoe, pikeun djalan-djalan ka Aweh, malah ari reup peuting koe koering sok dilamoen, koemaha moen ditanjaan bae.

Tapi ari ras deui ka noe ti heula, sok baloeas, moendoer rek nanjaan teh, sieun kabobodo deui. Mangkaning bareto noe heubeul teh geus ditendjo tina oenggal djihat: ditjendjo tina toeroenan teu hina, da poegoeh poetra menak pangsioenan, tina kanjahona komo, sahenteuna H.B.S. pendekna tina pananjaan naon bae, njoegemakeun.

Tapi ari geus prak mah angger kabobodo.

Ngan koering ajeuna geus leuwih loba, loeang teh: bareto mah aja noe poho, nja eta: „Naha manehna teh bisa ngoeroes roemah tangga?"

Tah tjatjakan bareto ieu didjieun pertanjaan mah, dol breh bae katembong jen Neng Saodah teh toena tina hal ieu mah, katendjo ti anggalna keneh oge, resep lalladjo, resep pelesir. Malah geus pogoeh mimiti wawoeh oge kapan keur toempak kareta mesin rek lalladjo bioscoop, nepi ka wawoeh enjana pisan mah di bioscoop.

Paingan tjarek paribasa deungeun: „Het Beste Paard vindt men in den stal" tjindekna istri sadjati mah aja di imah.

Tah di dinjana toenana Neng Saodah teh, djadi pantesna teh ngan keur „Salondame" woengkoel.

Ari koedoena, kapan dina waktoena djadi njonja roemah, nja koedoe djadi njonja roemah bae, lamoen waktoe djadi patih goah, koedoe bisa djadi patih goah.

Tina hal eta koe koering didjieun pangadjaran.

Nomer doea noe poho teh: „Naha manehna teh geus aja nu njangtjang atawa entjan?".

Leuheung moen awewe hade, satarabasna, njeboetkeun geus aja noe ngabogaan, koemaha nara djang di awewe kawas Neng Saodah mah, noe boga sipat rajoengan tea, kapan teu euleum-euleum njeboetkeun jen tatjan boga, padahal kapan nepi ka dibawa minggatna.

Ieu oge djadi pangadjaran deui bae keur koering mah.

*(Samboengeun).*